

BELAJAR MC BAHASA DAN ADAT JAWA



Mas Agung Carito

Membawakan Acara (MC) pada salah satu Event HOLY Wedding Services

01. Mranatacara Lan Hamedhar Pangandikan Inggang Sae

Saderengipun kita maos tuladha-tuladha gladhen maraga minangka Panatacara (MC) lan hamedhar pangandikan, mangga ing perangan ngajeng punika kita hanggladhi mangka paraga Panatacara lan hamedhar pangandikan.

Kanthen adhedhasar pangertosan lan pengalaman inggang kedah kita mangertosi utawi sak mboten - mbotenipun kita

nggadhahi, sabab manawi anjagekaken tuladha hamedhar pangandikan kemawon, kirang ndadosaken pamareming manah ing tundhonipun.

Ngibaratiipun menawi kita yasa wisma inggang sae nanging pondhasi / dhasaring bangunan badhe ambruk, semanten ugi hamedhar pangandikan, menawi kita namung ngapalaken tuladha - tuladha tanpa hanggadhahi dhasar tundhonipun badhe amanggihaken kuciwaning manah.

Wonten sangajenging para tamu, lan para lenggah, tartamtu mboten nama kaladuk menawi wonten ing buku punika badhe kita beberaken sapala ngengingi kados pundi hamaraga minangka Panatacara lan hamedhar pangandikan.

Kula pitados, menawi kita saged nguwaosi cara - caranipun Panatacara lan hamedhar pangandikan, mila kanthen mekaten kita badhe kasil anggen kita hamedhar pangandikan inggang sae, andamel sengseming akathah lan hamemiluta kanthen tetembungan inggang manis mamanuhara

Kita enget Bung Karno? Panjenenganipun minangka Presiden utawi Proklamator, nanging ugi misuwur minangka salah satunggaling piyantun inggang lebda hamedhar pangandikan inggang kondhang kaloka.

Semanten ugi kita tepang sintenta Haji Zainnudin MZ mubaligh ingkang misuwur. Pinten-pinten dasa kaset rekaman anggenipun hamedhar pangandikan sampun sumebar laris wonten ing pekenan. Sampun puluhan ewon ingkang sami kepranan malah manawi sang Mubaligh nedheng amedhar pangandikan. Kados pundi kok saged makaten ? Mubaligh kita ingkang satunggal punika anggadhahi kawegigan hamedhar pangandikan ingkang sae. Kita kepengin kados dene panjenenganipun ? Sampun kuwatos ing manah. Sadayan piyantun saged. Lan kita pitados bilih kita ugi saged hanindakaken manawi kanthi dhasar ateteken kanthi tekun anggladhi lan amarsudi

02. Pangertosan Bab Hamedhar Pangandikan

Saderengipun kita anggladhi utawi maraga hamedhar pangandikan / tanggap wacana, langkung runiyin kedah mangertosi babagan werdinipun hamedhar pangandikan / tanggap wacana punika punapa? Hamedhar pangandikan / tanggap wacana punika salah satunggaling pakaryan kangge amedharaken panguneg-uneging manah, gagasan, informasi dhumateng piyantun kathah lan anggadhahi tujuan kangge mratelakaken pangertosan dhumateng piyantun kathah nanging saged ugi kangge milut.

Dados ingkang baken salebetipun hamedhar pangandikan / tanggap wacana inggih punika kados pundi panjenengan saged amilut dhumateng para pamyarsa kanthi pamedharing pangandikan panjenengan, tartamtu kemawon badhe andamel. kuciwaning manah menawi panjenengan hamedhar pangandikan kanthi angandhar - andhar, ngantos - ngantos busana kita teles dening gumbrobyosing riwe, nanging para pamyarsa (para tamu) punika babar pisan boten saged kapilut / katuju ing manah. Dados punjeripun kita hamedhar pangandikan punika, tiyang sanes supados miyarsakaken punapa ingkang kita wedharaken, kanthi pangajabing sedya sageda dados cathetan wonten ing penggalhipun. Punika hamedhar pangandikan ingkang sae.

03. Tujuan Hamedhar Pangandikan

Kados sampun kaandharaken wonten ing ngajeng tujuan utami hamedhar pangandikan inggih punika kangge hangaturaken panguneg - uneging manah utawi mratelakaken informasi kanthi Hamedhar pangandikan wonten sangajenging piyantun kathah supados sami mangertosi ingkang kita andharaken.

Peprincening hamedhar pangandikan punika kaperang dados pinten - pinten perangan.

1. Hamedhar pangandikan ingkang asipat mratelakaken informasi.
2. Hamedhar pangandikan ingkang asipat hiburan.
3. Hamedhar pangandikan ingkang asipat hamemilut dhumateng para pamyarsa

04. Hamedhar Pangandikan Ingkang Sipatipun Informasi

Informasi ingkang mengku werdi palapuran, utawi pratelan ngengingi satunggaling bab dhumateng para pamyarsa.

Amargi hamedhar pangandikan ingkang sipatipun informasi punika ngandharaken pawartos utawi palapuran, utawi

nyariyosaken salah satunggaling bab dhumateng para pamyarsa, salebetipun hamedharaken babagan ingkang wigatos kedah ingkang cetha, gamblang lan sasaget - saget dipun mangertosi.

Menawi kita hamedhar pangandikan kanthi gamblang lan gampil dipun tampi, pramila mboten badhe muspra wedharing pratelan ingkang kita wedharaken.

Pamyarsa saderengipun babar pisan boten mangertos, nanging ing wusananipun gamblang lan mangertos sasampunipun kita hamedhar pangandikan ingkang sipatipun informasi / pratelan.

Medharaken informasi punika upaminipun ngaturaken palapuran tanggel jawab pangarsa dhumateng para anggota ing babagan program kerja ing salebeting satunggal warsa (setahun), mratelakaken palapuran ngengingi bab - bab ingkang dipun tindakaken lan sanes - sanesipun.

05. Hamedhar Pangandikan Ingkang Sipatipun Hiburan

Hamedhar pangandikan ingkang sipatipun hiburan punika kanthi tujuan mratelakaken informasi utawi hamilut pamyarsa dhumateng gagasan kita, nanging tujuwanipun asipat mirunggan upaminipun medhar pangandikan wonten salebeting tata upacara pahargyan prasaja mantu / ambal warsa lan sanes-sanesipun.

Hamedhar pangandikan ingkang sipatipun hiburan punika padatan badhe katingal wonten ing Panatacara (MC) ingkang angendhaleni lampahing tatacara ing pahargyan manten, ambal warsa, tatacara hiburan ing ambal warsa 17 Agustus lan sanesipun. Dados ingkang asipat mirunggan utawi mboten resmi.

06. Hamedhar Pangandikan Ingkang Asipat Amilut Dhumateng Para Pamyarsa

Hamedhar pangandikan punika benten kaliyan medhar pangandikan ingkang asipat atur pratelan (informasi) utawi ingkang asipat atur panglipur.

Medhar pangandikan ingkang asipat amilut tiyang sanes kanthi tujuan inggih punika supados pamyarsa saged kapilut panggalihipun amargi wedharing pangandikan kita. Kangge amujudaken tujuan punika, kabetahaken cara hamedhar pangandikan ingkang sae, antawisipun nguwaosi ingkang badhe dipun andharaken, lan wasising pamicara kangge amilut para pamyarsa.

Kathah piyantun ingkang ngadeg wonten sangajenging microphone kanthi pangandikan ingkang sereng, nanging para pamyarsa mboten nggatosaken pangandikan kasebat malah - malah wonten saperangan sami ngantuk.

Bab punika nedahaken bilih pamedhar pangandikan kirang mampu amilut dhumateng para pamyarsa ingkang sampun lebda, bangkit hamemilut para pamyarsa kanthi raos ingkang saged hanuju prana lan kebak ing raos greget.

Wonten gambaran kados pundi para pamyarsa nalika haningali Zainudin MZ amedhar pangandikan, tartamtu panjenenganipun katut larut wonten ing raos greget.

07. Sintenta Ingkang Miyarsakaken Wedharing Pangandikan Panjenengan

Kanthi hambudidaya mangertosi sintenta ingkang dados pamyarsa wedharing pangandikan kita, utawi kita medhar pangandikan wonten sangajenging sinten, inggih

wigati sanget, kangge mangertosi sintenta para pamyarsa ingkang badhe dipun pilut, kasil lan mbotenipun wedharing pangandikan kita.

Upaminipun kita medhar pangandikan wonten sangajenging tiyang-tiyang padhusunan ingkang saben dinten makarya ing pasabinan, mila sampun kasamektakaken kaliyan medhar pangandikan wonten sangajenging para siswa lan mahasiswa.

Medhar pangandikan wonten sangajenging para pejabat kedah dipun bentenaken kaliyan medhar pangandikan wonten ing sangajenging para santri temtunipun boten badhe leres manawi kita medhar pangandikan wonten sangajenging para among tani, nanging angginakaken basa ingkang mentereng lan dipun selingi basa ilmiah.

Mila salajengipun punika wonten cara mligi ingkang tinamtu kangge medhar pangandikan wonten ing sangajenging para piyantun ingkang dumadi saking maneka warni kalenggahanipun. Lan tatacara medhar pangandikan ingkang kedah panjenengan gatosaken inggih punika:

- A. Tatacara medhar pangandikan wonten. ing sangajenging tiyang desa bencil.
- B. Tatacara medhar pangandikan wonten ing sangajenging para pejabat lan ingkang nggadhahi pangkat.
- C. Tatacara medhar pangandikan wonten sangajenging para pemudha lan pelajar / siswa.
- D. Tatacara medhar pangandikan wonten ing kalanganipun kaum Santri.
- E. Tatacara medhar pangandikan wonten ing sangajenging para ibu-ibu.
- F. Tatacara medhar pangandikan wonten ing sangajenging dumadi benten - benten agaminipun.
- G. Lan sanes-sanesipun.

08. Hamedhar Pangandikan Wonten Sangajenging Kaum Awam

Kaum awam dumados saking tiyang-tiyang ingkang dereng nate ngenyam pendidikan wonten ing bangkuning pasinaon, bebrayan padhusunan among tani lan tiyang ingkang taksih andhap pangertosanipun.

Menawi kita hamedhar pangandikan wonten ng sangajenging tiyang - tiyang ingkang kados mekaten kawontenanipun, prayogi kita kedah mangertosi ingkang kita aturaken lan ngginakaken basa ingkang kados pundi supados wedharing pangandikan kita gampil dipun tampi.

Lan kita kedah nggatosaken dhumateng bab-bab kados ing ngandhap punika:

1. Kita kedah nggatosaken dhumateng basa. Basa ingkang kita ginakaken inggih punika basa ingkang biasa kemawon.

Saged ngginakaken basa Indonesia nanging kedah dipun campur kaliaan basa dhaerah.

Sampun ngantos pisan-pisan angginakaken basa ingkang ilmiah lan leluwihan.

2. Materi utawi bahan ingkang kita aturaken kedah biasa sampun ngantos inggil bobotipun lan kanthi mbulat - mbulet anggenipun ngandharaken.

Langkung prayogi menawi wedharing pangandikan ingkang sipatipun hanuwuhaken raos gotong - royong sesaminung warga lan murih majengipun kampung.

Crita ingkang kita andharaken kedah nggengingi ing sakubenging panggesanganipun para pamyarsa.

Sampun crita ngengingi bab politik, lan kawontenan ingkang dumados wonten ing manca negari lan sanesipun.

Andharan lan isining crita, ingkang biasa badhe kasil hamilut para pamyarsa.

Panjenengan kedah ngaturaken selingan ingkang asipat banyolan (guyonan).

Para pamyarsa sanget suka dhumateng banyolan-banyolan.

3. Ngutamekaken medhar pangandikan ingkang urut lan runtut.

Sampun ngantos medhar pangandikan ingkang mubeng – mubeng sahingga ngandhar - andhar tundhonipun andadosaken bingunging ingkang midhangetaken.

Sampun ngantos ngaturaken janji - janji ingkang mboten nyata.

Masyarakat awam gampang pitados dhumateng pangandikan nanging sampun ngantos dipun apusi.

09. Tatacara Medhar Pangandikan Wonten Sangajenging Para Pejabat Lan Piyantun Ingkang Nggadhahi Palungguhan

Piyantun ingkang anggadhahi palungguhan lan pejabat beda sanget kaliyan tiyang awam ingkang taksih andhap pangertosanipun.

Pramila menawi kita medhar pangandikan wonten ing sangajenging para pejabat kedah kita bentenaken kaliyan tata karma medhar pangandikan wonten sangajengipun tiyang awam (ingkang taksih andhap pangertosan pendhidhikanipun).

Bab-bab ingkang kedah kita gatosaken menawi medhar pangandikan wonten sangajenging para pejabat utawi piyantun ingkang nggadhahi palenggahan kedah nggatosaken dhumateng:

1. Kita utamekaken ngagem busana ingkang sopan, sampun ngantos ngagem busana ingkang sakwontenipun.

Enget kita kedah angormati dhumateng pribadi kita piyambak lan angormati dhumateng para pamyarsa para pejabat utawi ingkang nggadhahi palenggahan, sanget angaosi pepanggihan ingkang sipatipun resmi.

Semanten ugi busana inggih kedah ingkang resmi lan sopan.

2. Basa (Bahasa) ingkang kita ginakaken prayogi angginakaken Basa Indonesia / Jawi ingkang sae lan leres.

Pangandikan ingkang sopan lan urut runtut.

Prayogi kita selingi kaliyan tembung tembung ilmiah, crita-crita ngengingi pangertosan manca negari lan sanesipun.

Enget sampun ngaturaken guyonan ingkang kirang bobotipun. Nanging wedharing pangandikan kathah ngaturaken pesen lan saran. Guyonan ingkang wonten bobotipun lan sampun ngantos kekathahen.

3. Isining pangandikan utawi bahan ingkang kita aturaken salebeting medhar pangandikan leres - leres dipun samektakaken kanthi sae.

Isining pangandikan kedah kita jumbuhaken kaliyan palenggahan kita ing wekdal maraga wonten ing tata adicara sanesipun. Upaminipun tata adicara pembikaan Rapat ing Kecamatan lan kita ingkang kapatah minangka Panatacara (MC).

Jumeneng wonten sangajenging podium utawi mimbar kanthi sopan. Sampun ngantos kekathahen slaga, satemah badhe dipun gegujeng dening para pamyarsa, menawi kita (over akting).

10. Hamedhar Pangandikan Wonten Sangajenging Pemudha Lan Pelajar

Medhar pangandikan wonten sangajenging pelajar ugi wonten tata kramanipun utawi sopan santunipun piyambak katandhingaken kaliyan medhar pangandikan wonten sangajengipun umum, kita kedah nglenggana bilih pemudha lan pelajar punika sawenehing pakempalaning piyantun ingkang intelektual.

Piyambakipun anggadhahi wawasan sarta pengalaman ingkang wiyar, pramila punika wonten salebeting ngaturaken materi utawi isi wedharing pangandikan kedah kajumbuhaken kaliyan piyambakipun.

Prayogi kataliti punapa ingkang dipun kajengaken. Basa ingkang kaginakaken prayogi ngginakaken basa Indonesia / Jawi, langkung sae malih manawi dipun selingi kaliyan tembung - tembung ilmiah utawi tembung - tembung manca.

Pokokipun ingkang gampil katampi dening pamyarsa. Saged dipun selani guyonan ingkang asipat remaja, utawi guyonan seks (nanging sampun ngantos lekoh sanget). Bab punika badhe nggiyataken supados piyambakipun nggatosaken wedharing pangandikan kita.

Prayogi dipun singkiri pangandikan ingkang asipat mojokaken piyambakipun.

Enget, umumipun pemudha utawi pelajar punika anggadhahi watak ingkang gampil kacocok raosipun engga kebrongot kanepsonipun.

Kosok wangsulipun kita maringi pujian / pangalembana lan daya greged sahingga piyambakipun nggatosaken lan kasengsem ingkang kita wedharaken.

Prayogi kabudidayá isi wedharing pangandikan ingkang kita andharaken mboten nyulayani pamanggihing piyambakipun utawi mrosotaken pribadinipun.

11. Medhar Pangandikan Wonten Sangajenging Para Santri

Hamedhar pangandikan wonten sangajenging para santri utawi tiyang - tiyang ingkang umumipun kuwat agaminipun mila kedah kita gatosaken bab ingkang kados mekaten kacetha ing ngandhap punika:

1. Busana ingkang sopan. Kautamekaken ngagem pecis sampun ngantos pisan - pisan ngagem dhasi kupu - kupu, busana ingkang prasaja / biasa nanging sopan.

2. Kaginakaken basa (bahasa) Indonesia / Jawi ingkang biasa wonten ing pembikaan medhar pangandikan kita kedah ngajak piyambakipun ngucapaken puji syukur dhumateng Gusti Allah, utawi ngajak pamyarsa maos Basmallah.

3. Isining pangandikan kedah kajumbuhaken kaliyan paraga punapa ingkang nedheng kita ayahi wonten ing adicara ingkang dipun wontenaken.

Upaminipun menawi kita minangka Ketua panitia mrengeti Isro' Mi'roj, mila kedahipun ingkang kita aturaken inggih punika :

Ngucapaken atur panuwun awit panyengkuyung lan partisipasinipun para rawuh ing adicara kasebat. Lajeng kita kedah nyuwun pangapunten.

4. Kautamekaken sampun ngantos nuwuhaken panggali ingkang kirang prayogi wonten salebeting golongan ingkang taksih nunggil Agami.

Sampun ngantos ngaturaken pangandikan ingkang asipat khilafiah.

12. Medhar Pangandikan Wonten Sangajenging Para Ibu - Ibu

Medhar pangandikan wonten sangajenging ibu - ibu utawi saperangan ingkang rawuh punika kaum wanita, mila kedahipun kita ngatos - atos salebeting ngaturaken wedharing pangandikan.

Langkung ingkang medhar pangandikan punika satunggaling priya. Sabab, manahipun Wanita / Ibu - ibu sanget landhep raos pangraosipun, gampil kecocok manahipun lan sanesipun.

Pramila kedah nggatosaken dhumateng bab - bab:

1. Kautamekaken supados medhar pangandikan mboten ngengingi raosipun tiyang sanes. Medhar pangandikan ingkang cetha lan sampun ngantos ngginakaken basa ingkang ngandhut kathah pitakenan. Basa ingkang kaginakaken kedahipun basa ingkang sae lan sopan.

2. Busana ingkang sopan. Sabab satunggaling piyantun putri mboten badhe kasengsem miyarsakaken wedharing pangandikan kita, menawi kita ngagem busana ingkang namung punapa wontenipun lan boten rapi.

3. Kangge ngisi supados swasana mboten katingal nggekeng saged kaselingan guyonan. Nanging ingkang kedah kita gatosaken inggih punika sampun ngantos pisan - pisan ngaturaken guyonan ingkang mboten sae.

Satunggaling wanita sanget mboten remen pangandikan ingkang langkung kathah lan nyrempet babagan seks utawi bab ingkang lebet tumrap pribadining wanita.

Tuladha - tuladha ingkang kita aturaken wonten ing medhar pangandikan prayogi wonten ing lingkup sakubenging jagading wanita.

Sampun ngantos ngunggulaken kaum pria, nanging salebeting medhar pangandikan wonten sangajenging para wanita punika kedah ngunggulaken darajating wanita.

13. Tatacara Medhar Pangandikan Wonten Sangajenging Tiyang Inkang Mboten Sami Agaminipun

Hamedhar pangandikan wonten sangajenging tiyang ingkang mboten sami agaminipun, benten sanget kaliyan medhar pangandikan wonten ing sangajenging tiyanginkang nunggil agami.

Medhar pangandikan wonten sangajenging tiyang ingkang maneka warni agami lan keyakinanipun kedah ngatos - atos.

Lan ingkang kedah kagatosaken kados ing ngandhap punika:

1. Busana ingkang kita agem kedah rapi lan sampun ngetingalaken agami ingkang kita rasuk / kaanut

2. Basa ingkang kita ginakaken kedah ingkang asipat umum, kening ngginakaken basa Indonesia nanging ugi kaselingan basa dhaerah.

3. Isi wedharing pangandikan dipun jumbuhaken kaliyan wigatosing panjenengan ngayahi pakaryan ing adicara kasebat.

Pangandikan sampun ngantos pisan - pisan ngunggulaken satunggaling agami lan mojokaken agami sanes.

Sampun ngantos angina agami ingkang boten kita rasuk. Tundhonipun sanget mbebayani.

Manawi perlu, sami kaajak manunggalaken sesamining umat ingkang sami ngrasuk agami, upaminipun gentosan makarya sesarengan wonten ing pembangunan, tulung - tinulung mat sinamadan wonten ing urusan panggesanganing ndonya lan bebrayan.

14. Warni Warnining Medhar Pangandikan

Bentuk utawi maneka warnining medhar pangandikan punika wonten pinten - pinten bab. Ing antawisipun inggih punika medhar pangandikan kanthi langsung utawi medhar pangandikan kanthi bebas, salajengipun wonten ugi medhar pangandikan ingkang kawengku dening teks, sahingga mboten pikantuk mlenceng saking teks.

Lan wonten ugi medhar pangandikan kanthi langsung, ugi wonten medhar pangandikan ingkang kanthi cara ngapalaken langkung rumiyin, lan ugi wonten medhar pangandikan ingkang asipat negesaken saking wedharan ingkang kacathet garis agengipun kemawon. Prayogi pinten - pinten warni medhar pangandikan kasebut badhe kita onceki, kados ing andharan ngandhap punika.

a. Medhar Pangandikan kanthi bebas.

Medhar pangandikan ingkang mboten ngginakaken teks babar pisan. Sipating medhar pangandikan punika saged biasa, amargi naming ngaturaken atur panuwun lan nyuwun pangapunten dhumateng para pamyarsa / para rawuh.

Upaminipun wonten ing tatacara pahargyan temanten, wakil saking ingkang mengku gati amedhar pangandikan, ngaturaken panuwun kerawuhanipun para tamu lan nyuwun pangapunten awit ingkang mengku gati mboten saged ngaturaken papan palenggahan ingkang trep lan jumbuh kaliyan palungguhanipun para tamu sowang - sowang.

Medhar pangandikan punika sipatipun biasa saengga dipun wastani medhar pangandikan bebas.

b. Medhar Pangandikan ingkang ngginakaken teks / kawengku.

Medhar pangandikan punika mboten bebas utawi medhar pangandikan ingkang winengku, awit punapa ingkang kita aturaken wonten sangajenging para rawuh winates ingkang wonten salebeting teks.

Teks utawi naskah pamedhar pangandikan saderengipun sampun kasusun / karakit kanthi rapi, sae lan leres, upaminipun wonten ing tata adicara resmi.

Tuladhanipun medhar pangandikanipun Presiden, medhar pangandikanipun Gubernur, medhar pangandikan laporan tanggung jawab, ingkang kapratelakaken kades dhumateng anggota/warga LKMD lan sanes-sanesipun.

Menawi kita medhar pangandikan angginakaken teks, nanging sampun ngantos pisan - pisan kita angenggokaken pangandikan kita, kanthi angginakaken teks kasebat ngantos purna. Sampun ngantos dipun tambah lan dipun kurangi, supados saget ngaturaken kanthi lancar mila tebih saderengipun kedah kita sinau / kagladhi caranipun ngucapaken, kagatosna titik lan koma sarta tandha maos sanesipun ingkang wonten ing salebeting teks kasebat.

c. Medhar Pangandikan kanthi dadakan.

Medhar pangandikan kanthi dadakan ingkang langsung tanpa dipun rancang saderengipun / spontan, bab punika asring dumados lan kathah ingkang kita panggih, upaminipun nalika wonten resepsi dumadakan MC manggih kita rikala tata adicara badhe dipun leksanakaken amung pinten dhetik malih.

Kita kasuwun supados paring tanggap wacana pinangka wakilipun para tamu, lan sanes- sanesipun, menawi kita mboten kulina paring tanggap wacana utawi medhar pangandikan mila badhe kedadosan kados ingkang kasebat ing nginggil, mila temtu kita badhe adhem panas lan gumrobyos wijiling riwe.

Malah-malah kita mopo lan tetep lenggah ing kursi kita, sinartan pikiran ingkang meneng, awit saking punika, kedahipun kita tekun hanggladhi ing babagan medhar pangandikan, supados ingsatunggaling wedal menawi kasuwun paring tanggap wacana / medhar pangandikan kanthi dadakan, kita boten badhe nguciwani / demam panggung.

d. Medhar Pangandikan kanthi apalan.

Medhar pangandikan kanthi apalan inggih punika satunggaling kegiatan medhar pangandikan ingkang medharaken isi wedharingpangandikan ingkang tebih saderengipun sampun kaपालaken, piyantun ingkang medhar pangandikan kanthi cara ngपालaken punika padatan tebih saderengipun sampun ngrancang naskah / teks medhar pangandikan, salajengipun kaपालaken.

Lan nalika tata adicara kawiwitan lajeng panjenenganipun medharaken satunggaling apalan ingkang sampun kagladhi, medhar pangandikan ingkang makaten asring sanget katindakaken dening para - para ingkang nedheng gladhen bab medhar pangandikan. Kirang prayoginipun medhar pangandikan punika salebeting medharaken isi utawi bahan kangge medhar pangandikan asring katindakaken kanthi. tembung - tembung cepet, lan maraga ingkang kirang menep / kirang wening malah menawi ngantos kesupen apalanipun mila badhe mandheg pedhot ing tengah kados dene boneka / pepethan ingkang ngadeg wonten sangajenging para rawuh. Malah-malah badhe dados gegugenganing para rawuh.

e. Medhar Pangandikan lan ngandharaken maknaning bahan / materi.

Medhar pangandikan kanthi makna punika mujudaken medhar pangandikan ingkang asring katindakaken dening piyantun ingkang lebda medhar pangandikan wonten ing sangajenging para piyantun kathah, medhar pangandikan makaten punika namung anyiakaken pokok - pokok / garis ageng bab satunggaling masalah ingkang badhe kita wedharaken.

Salajengipun saben wosing pangandikan punika mangke kita andharaken wonten ing sangajenging piyantun kathah / para tamu lan pangandikan ingkang rinengga sinartan tetuladhan lan guyonan, kangge ingkang sampun kulina, mila gangsal pokok pangandikan kemawon badhe saged kaandharaken lan kathah bumbunipun ngantos pinten - pinten jam dangunipun.

Dados kathah para lebda medhar pangandikan namung nyerat bab ingkang penting wonten sangingiling dalancang kanthi urut runtut salajengipun dipun tegesi / kajarwakaken piyambak nalika sampun medhar pangandikan wonten sangajenging para rawuh / para tamu.

Kita ugi badhe wikan maraga medhar pangandikan ingkang makaten punika, kanthi cathetan manawi kita asring gegladhen lan marsudi, tartamtu mbetahaken tebaning pangertosan ingkang wiyar, sahingga pangandikan kita mboten badhe pedhot wonten ing tengah - tengah.

Lan satunggal bab malih ingkang mboten kita tilaraken inggih punika tujuan medhar pangandikan sak jenis punika, nun inggih supados para pamyarsa kapilut murih saged nampi punapa ingkang sampun kita wedharaken dhateng para pamyarsa.

15. Ngawekani Pepalang Ing Salebeting Medhar Pangandikan

Kangge piyantun ingkang nedheng gegladhen, kangge maraga medhar pangandikan wonten sangajenging para piyantun /para rawuh pancen kathah pepalangipun, pepalang punika mijil saking salebeting pribadinipun piyambak lan ingkang tuwuh saking para rawuh / para hadhirin.

Salajengipun kados pundi caranipun nanggulangi pepalang punika ? Salajengipun ing ngandhap punika badhe kaandharaken bab penyakit utawi gangguan - gangguan salebeting kita medhar pangandikan.

Raos aliting manah dhumateng para rawuh.

Salah satunggaling pepalang / gangguan salebetipun kita medhar pangandikan ingkang tuwuh saking salebet ing pribadi kita piyambak inggih punika raos aliting manah dhumateng para rawuh.

Raos ingkang makaten wau kedah kita bucal tebih - tebih lan kita kedah nanemaken raos ingkang pitados wonten ing salebeting pribadi kita piyambak.

Manawi wonten salebeting manah kita rumaos risih utawi mindher manawi dipun gatosaken dening para rawuh, mila kita kedah mawas dhiri punapa ingkang saged nuwuhaken raos ingkang kirang prayogi wau.

Padatan saderengipun majeng / minggah dhateng podium, raos punika kedah sampun wonten lan nyababaken kita badhe kecalan kapitadosan dhumateng pribadhi kita piyambak.

Prayogi dipun rancang sapala pitakenan lan wangsulanipun piyambak.

Upaminipun makaten, punapa ingkang nuwuhaken kita rumaos alit ing manah dhumateng para rawuh punapa ingkang nyababaken kirang anggadhahi raos siap siyaga saperlu ngaturaken isi (wosing pangandikan) ?

Punapa rumaos kirang sae anggenipun maraga?

Punapa rumaos pribadinipun langkung andhap katandhingaken kaliyan para rawuh ing babagan pangertosan?

Wangsulanipun:

Manawi rumaos kirang siyaga salebeting badhe medhar pangandikan mila tebih saderengipun kita kedah sampun siyaga ing gati, pados srana ingkang saget ngiyataken wedharing pangandikan kita, utawi ingkang sesambetan kaliyan bahan medhar pangandikan ingkang kedah kita aturaken.

Prayogi kacawisaken cathetan - cathetan alit ingkang penting - penting kemawon, nadyanta amung salemban dalancang ingkang isi cathetan badhe ambiyantu sanget lan nambah raos manteb kita, badhe kasil anggen kita medhar pangandikan.

Manawi rasukan kalebetaken ing dana prayogi ngagem setut upaminipun, manawi perlu ngagem jas lan dhasi (busana kejawen) wonten ing adicara resepsi upaminipun manawi wonten adicara keagamaan upaminipun ing tata adicara pengetan Nuzulul Qur'an, mila kita kedah ngagem pecis.

Inkang baken ngagem busana ingkang rapi lan ngagem sepatu supados katingal rapi, syukur - syukur saged adamel sengseming ingkang nguningani / mirsani.

Kantheni cara punika panjenengan badhe langkung pitados dhumateng dhiri pribadi kita. Manawi rumaos andhap pribadinipun katandhingaken kaliyan para rawuh, mila kedah mbudidaya nanemaken raos yakin bilih para rawuh sajajar kaliyan kita ingkang anggadhahi hak ngatur piyambakipun.

Kados pundi kemawon kita kedah pitados, langkung utami kabandhingaken.

Pitados salebeting manah bilih antawisipun kita lan para rawuh / hadhirin inggih punika sami - sami manungsa.

Lan raos pitados malih bilih punapa ingkang kita aturaken punika satunggaling bab ingkang enggal, lan mbok bilih piyambakipun dereng sami mangertosi babar pisan. Manawi kita sampun nanemaken raos mantep ingkang makaten punika, mila mesthi kita rumaos pitados dhumateng pribadi kita piyambak.

16. Punapa Dhemam Panggung Punika?

Kathah para piyantun ingkang saged ngendikakaken bab istilah dhemam panggung, nanging mboten mangertos maknanipun, punapa ta dhemam panggung punika?

Demam panggung sakleresipun inggih punika gangguan / pepalang ingkang saged murungaken kita wonten ing salebeting medhar pangandikan wonten ing sangajenging para rawuh / hadirin.

Manawi nalika kita amiwiti / ambuka medhar pangandikan sampun kenging dhemam panggung, mila mesthi kita boten badhe kasil, anggen kita medhar pangandikan, demam panggung inggih punika satunggaling kawontenan nalika kita jumeneng wonten ing satunggaling mimbar / sangajenging para piyantun kathah, dumadakan jantung punika raosipun dheg - dhegan / gemeter, gumrobyos riwe ngantos dleweran, rumaos wedi lan isin campur dados satunggal lan suku miwah asta kraos gemeter, panyawawanging netra datan kangge nyawang dhumateng para rawuh.

Kita jumeneng wonten sangajenging piyantun kathah kados dene reca ingkang mboten anggadhahi nyawa, punika ingkang kasebat dhemam panggung, padatan kangge piyantun ingkang taksih wonten ing tataran gegladhen / tanggap wacana asring kaserang dhemam panggung, nanging manawi sampun kulina lan atul, ugi asring ngendikan wonten sangajenging piyantun kathah, mila pangraos demam panggung badhe sirna kanthi mboten kanyana - nyana.

Piyantun ingkang asring kenging dhemam panggung punika amargi saking pinten - pinten bab:

- a. Kirangipun pengalaman wonten salebeting medhar pangandikan utawikirangipun gladhen maraga wonten sangajenging para rawuh.
- b. Kirangipun siyaga wonten salebeting ngaturaken isining wedharan pangandikan.
- c. Kiranging pasrawungan kaliyan piyantun kathah.
- d. Kirang anggadhahi pawitan / kesagetan bab kawruh basa lan tembung - tembung, kirangipun pangertosan bab istilah basa, lan sanes-sanesipun.

Piyantun ingkang kirang pengalaman wonten salebeting medhar pangandikan mila tartamtu badhe kaserang dhemam panggung. Piyambakipun babar pisan boten saged pangandikan.

Punapa ingkang saderengipun sampun kasamektakaken nanging malah ical boten kengetan babar pisan.

Tundhonipun kanthi sasaged - saged ngucapakan tembung - tembung ingkang boten aturan lan namung mubeng - mubeng kemawon, semanten ugi manawi piyantun ingkang kirang tata badhe medhar pangandikan, sanadyan panjenenganipun nggadhahi pengalaman nanging manawi boten siyaga, mila punapa ingkang badhe kaaturaken dados semrawut lan tanpa arah.

Menawi kita sampun mangertosi bab pepalangipun medhar pangandikan wonten wujuding dhemam panggung, mila salajengipun kita kedah mangertosi ugi kados pundi cara ngawekani lan ngicalaken dhemam panggung kasebat.

- a. Sampun ngantos kekathahen ngebahaken badan (wiraga) ingkang sanget - sanget. Nanging ugi sampun ngantos matesi obahing badan lan prayogi kabudidaya murih boten katingal kaken, biasa-biasa kemawon.
- b. Kita kedah sampun ngantos nggatosaken dhumateng para rawuh lan semanten ugi mangesthi penggalih sawetahipun dhumateng pribadinipun piyambak, nanging gumolonging penggalihan kitadhumateng wedharing pangandikan ingkang badhe kaaturaken.
- c. Menawi angginakaken mimbar, mila prayoginipun anyepeng mimbar sakadaripun utawi menawi nyepeng mikropon mila asta kiwa anyepeng kabel mikropon, kangge ngirangi raos dhemam panggung.
- d. Kajagia sampun ngantos ototing jangga katingal kenceng (nggekeng), nanging kabudidaya kangge sikap ingkang mirunggan, ngendhiahaken urating jangga kita kanthi mardikaning manah.
- e. Para rawuh sampun ngantos kaanggep pinangka mengsah ingkang siyaga naliti kesalahan pangandikan ingkang kita aturaken, nanging kaanggepa pinangka satunggaling kanca ingkang sae lan yakin dhumateng diri pribadinipun piyambak bilih kita langkung lebda katandhingaken piyambakipun.

Sasampunipun kita mangertosi kados pundi ngicali dhemam panggung mila prayoginipun menawi kita ugi anggadhahi pangertosan kados pundi nanggulangi supados mboten kaserang demam panggung, kados - kados rumaos siap, lan mboten badhe nggretholi, nanging sasampunipun jumeneng wonten ing sangajenging piyantun kathah dumadakan kaserang dhemam panggung.

Bab ingkang kados mekaten punika mboten ateges dhemam panggung ugi badhe anyerang kita ugi, supados mboten kedadosan bab - bab ingkang mboten kita kajengaken mila prayoginipun dipun tanggulangi, caranipun nanggulangi / ngicali:

1. Kasamektakna langkung rumiyin urut - urutaning pangandikan ingkang badhe kita aturaken dhumateng para rawuh, utawi kanggenipun tataran ingkang nembe gladhen prayogi gegladhen langkung rumiyin ingkang sae.
2. Kapiliha materi ingkang jumbuh kaliyan adicara, langkung prayogi menawi panjenengan samektakaken kanthi mateng, kagladhi kanthi tumemen, kapadosna pangandikan ingkang saged nengsemaken dhumateng para rawuh.

17. Kados Pundi Amurwani Medhar Pangandikan

Kados pundi ta, cara kita miwiti medhar pangandikan? Saking pundi? Lan kados pundi? Pangertosan / pengalaman ingkang kita mangertosi, sabab kangge amilut penggalhipun para pamyarsa perlu kaginakaken kanthi cara - cara ingkang tinamtu salebeting ambuka medhar pangandikan.

Padatan kangge ambuka pangandikan utawi murwani satunggiling pangandikan wonten ing sangajenging piyantun kathah katindakaken kanthi cara angajak monjukaken syukur utawi atur panuwun dhumateng Gusti inkang Maha Agung. Awit Gusti Allah taksih keparengparing kalodhangan sahingga sadayanipun saged makempal wonten ing papan kasebat, salajengipun rinonce kaliyan pangandikan ingkang asipat tetepangan /

nepangaken pribadi kita, saged ugi kaselingan kanthi guyonan ingkang saged damel segering swasana sakeca tinampi dening para pamyarsa. Sokur - sokur bangkit adamel sengseming para pamyarsa.

Lajeng saget kaaturaken gambaran bab garis ageng pangandikan ingkang badhe kita aturaken.

Wonten tataran salajengipun, kita wiwit lumebed dhumateng wigatining pangandikan ingkang sayektosipun sinartan tuladha - tuladha, gambaran - gambaran lan alesan - alesan bab pamanggih kita.

Ambuka medhar pangandikan pancen kedah katindakaken kanthi cara ingkang sak sae-saenipun, kados pundi kok saged makaten ?

Sabab kawitan ingkang kedah kita budi daya inggih punika caranipun supados para rawuh kasengsem lan kepengin migatosaken pangandikan kita wonten salebeting medhar pangandikan.

Awit saking punika, salajengipun badhe kawedharaken bab ingkang mawarni - warni cara - cara / teknik salebeting ambuka medhar pangandikan.

a. Ambuka Medhar Pangandikan kanthi ngaturaken gambaran umum.

Ambuka wedharing pangandikan saged ugi kanthi cara ngaturaken gambaran - gambaran umum, bab punika saged kita trapaken sasampunipun kita miwiti wiwit / ambuka wedharing pangandikan, cara punika pancen sampun kaprah kaetrepaken dening para piyantun.

Ambuka pangandikan kanthi tehnik utawi cara punika sanget biasa kita kantun ngaturaken pambuka lan wigatining medhar pangandikan ingkang kedah kita aturaken. Upaminipun kita badhe ngaturaken pangandikan wonten tata adicara pahargyari penganten. Mila kita saged ngaturaken gegambaran umum babagan kados pundi kulawarga ingkang bahagia lan kados pundi kulawarga ingkang tansah mboten bahagia. Salajengipun kita andharaken bentenipun kulawarga bahagia lan kulawarga ingkang boten bahagia nembe kita ngancik wigatining medhar pangandikan kita.

Isi wedharing pangandikan tartamtu kemawon kedah sakubenging, utawi ngonceki babagan tiyang bebrayan / rumah tangga.

Kita ngaturaken cara - caranipun nempuh kulawarga bahagia lan nyingkiri kulawarga ingkang boten bahagia.

Langkung prayoginipun kita ngaturaken tuladha -tuladha utawi crita - crita ingkang nengsemaken, lan tetep wonten sambung rapetipun kaliyan wedharan ingkang kita aturaken.

b. Ambuka Medhar Pangandikan kanthi cara guyonan.

Wonten ugi cara kangge miwiti medhar pangandikan kanthi cara guyonan ingkang sampun nggadhahi pengalaman, nanging kanggenipun ingkang nembe wonten ing tataran gegladhen kedah kaetrepaken kanthi cara punika nalika ambuka medhar pangandikan.

Sabab ambuka medhar pangandikan kanthi cara guyonan punika badhe langsung saget amilut dhumateng para rawuh.

Tegesipuri inggih punika para rawuh kasengsem dhumateng kita pinangka paraga pamedhar pangandikan.

Manawi para rawuh ingkang sampun kasengsem tartamtu kemawon materi ingkang badhe kita aturaken kanthi gampil saged tinampi dening piyambakipun.

Guyonan ingkang kaaturaken rikala kita hambuka pangandikan punika kedah ingkang wonten bobotipun lan sampun ngantos kasamekaken kaliyan guyonan pelawak.

Nanging ingkang tetep tumuju dhumateng materi ingkang kedah kita aturaken.

Pancen gampil ngetrepaken cara ingkang kados mekaten punika, nanging menawi kita terus anggladhi, mila kita badhe ugi saged maraga kados denten para abli pamedhar pangandikan sanesipun.

Lan perlu ugi kita gatosaken bilih wonten sedhahan guyon babar pisan mboten ngirangi daya sengseming para rawuh, mila salaminipun kita medhar pangandikan, piyambakipun / para pamyarsa mboten badhe kasengsem dhumateng punapa ingkang kita aturaken.

c. Ambuka guyonan kanthi cara ngaturaken gambaran / Ilustrasi.

Ambuka wedharing pangandikan punika pancen mawarni – warni caranipun, wonten ugi ingkang remen ambuka materi medhar pangandikan kanthi cara ngaturaken gambaran - gambaran utawi ilustrasi, prayogi kanthi cara nyata punapa dene khayalan.

Upaminipun kita badhe medhar pangandikan ingkang isinipun sakubenging bab kemajenganing para remaja karang taruna.

Kita saged ambuka medhar pangandikan kanthi cara ngaturaken gambaran prayogi ingkang nyata utawi khayalan. Ingkang nyata kemawon upaminipun nyariosaken kemajenganing karang taruna ing desa sanes ingkang sanget majeng.

Salajengipun enering pangandikan tumuju paring panyengkuyung supados para rawuh ugi tuwuh krenteging raos kepingin maju / majeng, menawi khayalan, mila kabudidayaa nyariosaken kawontenan karangtaruna ing desa A, ingkang tebih papanipun upaminipun sabranging pulau ingkang majeng kawontenanipun lan sanes - sanesipun.

d. Ambuka wedharing pangandikan kanthi cara nepangaken dhirinipun.

Ambuka wedharing pangandikan wonten ingkang ngginakaken cara guyonan lan wonten ugi ingkang ngginakaken cara kanthi ngaturaken gambaran utawi ilustrasi, nanging wonten ugi medhar pangandikan ingkang binuka kanthi cara nepangaken pribadi.

Upaminipun kita amurwani medhar pangandikan mila saged nepangaken pribadi kita lan sanes - sanesipun, upaminipun kita caritakaken status kita, pengalaman lan sanes - sanesipun.

Carita pengalamaning gesang kita ingkang sesambetan kaliyan acara, nanging satunggal bab ingkang perlu kita enget inggih punika sampun ngantos ngalembana ingkang sanget - sanget dhumateng diri pribadi utawi andhaken rumaos saget (rumangsa bisa) ing dhiri kita piyambak / ngunggulaken.

Sabab menawi kita rumaos saget lan nonjolaken dhiri kita piyambak mila para rawuh saget ambiji bilih kita kalebet tiyang ingkang sombong, satemah piyambakipun kirang kasengsem nggatosaken pangandikan kita.

Makaten bab-bab ingkang perlu kita mangertosi saderengipun kita miwiti medhar pangandikan wonten sangajenging para rawuh, teori bab medhar pangandikan kedah kita mangertosi supados kita saged nindakaken maraga kanthi sae lan nengsemaken.

18. Tuladha Atur Pambuka Panatacara Pasrah Panampining Lamaran

Bismillahirrohmanirrohim

Assalamu alaikum Wr. Wb.

Panjenenganipun para pepundhen, para sesepuh, para pini sepuh ingkang hanggung mastuti dhumateng pepoyaning kautaman ingkang pantes pinundhi, para duta saraya saking kadang besan sutresna ingkang pantes kinormatan, para lenggah kakung putri, kadang wredha ingkang winantu suka basuki.

Mradapa keparengipun Bp. _____ sekalihan sumrambah para kulawangsa ing kalenggahan punika kula piniji pinangka pambiwara wontenipun upacara pasrah panampining upakarti miwah lamaran kinaryajekaping tata cara salaki rabi.

Namung saderengipun kula ngaturaken urutan reroncening adicara ingkang sampun karakit dening para kulawarga, cundhuk kaliyan kuncaraning bangsa ingkang linambaran agunging Pancasila sumangga nun kula dherekaken ngaturaken puji syukur wonten ngarsa dalem Allah ingkang Maha Agung, karena ageng barokah saha rahmat ingkang sampun kaparingaken dhumateng panjenengan sadaya dalasan kula.

Sinawung raos syukur ing ngajeng, mugi lampahing adicara pasrah panampi lamaran saha upakarti pinangka jejangkeping palakrama tansah pinaringan rahayu tebih ing sambekala.

Nun inggih para lenggah ingkang sinuba ing pakurmatan, keparenga panatacara murwani lekasing sedya ingkang punika enggal badhe binuka lampahing upacara pasrah panampi kanthi ngaturaken reroncening adicara ingkang rinantam para kulawangsa.

- Tinarbuka atur pambagyaharja saking ingkang hamengku gati dening tetuwangga ingkang sampun piniji.

- Atur lamaran miwah upakarti dening pangarsaning duta saraya pinangka sulih salira saking badhe/calon kadang besan.

- Atur panampi dening tetuwangga ingkang pinangka sulih saliranipun Bp. _____ ingkang mengku gati.

- Kaleksananing adicara liru kalpika (menawi wonten).

- Tanggap wacana sawatawis saking pinisepuh ingkang tumuju dhumateng kasaenan (menawi wonten).

- Paripurnaning sedya hambok bilih ing mangke wonten pratandha saking kulawarga minangka paran para.

Makaten para tamu saha para lenggah urutan reroncening tata adicara pasrah lamaran ingkang sinanggit dening para kulawarga, kasuwun wontena suka lilaning penggalih para lenggah tansah hanjenengi ngantos dumugi purnaning gati.

Nuwun, nuwun maturnuwun.

19. Tuladha Aturipun Panatacara Badhe Pambagyaharjo Ing Pahargyan Lamaran

Para lenggah kakung sumawana putri, ingkang sinuba ing pakurmatan, raos bombong miwah mongkoting manah, panjenenganipun Bp. _____ sekalihan ingkang mengku gati mboten saged kagambaraken ing mriki, madyaning pahargyan ing kalenggahan punika ing sedya badhe hangaturaken pambagyaharjo wonten ngarsa panjenengan.

Awit saking bombonging manah anggennya badhe matur amung kandheg wonten samadyaning jangga, ingkang punika minangka sulih sarira ingkang piniji nun inggih panjenenganipun Bp _____ wekdal kasumanggakaken, sumangga nuwun.

20. Tuladha Atur Pambagyaharjo Pasrah Lamaran

Bismillahirrohmanirrohim

Assalamu alaikum Wr. Wb.

Para pepundhen, para pinisepuh, para sesepuh ingkang pantes pinundhi, para kadang duta saraya saking calon saha badhe / calon kadang besan minangka cundhaka ingkang pantes kinormatan, para lenggah kakung putri ingkang satuhu bagya mulya. Keparenga kula mambeng saha nggempil kamardikan panjenengan sadaya karena kula piniji panjenenganipun Bp. _____ sekalihan, kinen ngaturaken pambagyaharjo, raos suka ebahing manah bingah saha lekasing sedya ing kalenggahan punika.

Pinangka purwakaning atur sumangga nun tansah kula dherekaken ngaturaken puji syukur wonten ngarsa dalam Gusti Allah ingkang Maha Agung, karena sih wilasa miwah barokah ingkang rumentah dhumateng panjenengan sadaya dalasan kula, saengga ing kalenggahan punika maksih saged kempal manunggal kanthi pinayungan karaharjan tebih ing sambekala.

Para lenggah ingkang sinuba ing pakormatan, madyaning pepanggihan punika Bp _____ sekalihan lumantar kula hangambali atur, sugeng rawuh awit karawuhanipun para pepundhen miwah para pinisepuh langkung - langkung para kadang duta saraya tresna, sinarengan raos panuwun ingkang tanpa pepindhan mughi keparenga panjenenganipun para lenggah kasuwun lelenggahan kanthi mardu mardikaning panggalih.

Para tamu miwah para lenggah ingkang winantu ing suka basuki, lekas wekasing sedya wigatosing gati, keparenga kula aturaken nadyan panjenengan sadaya hambok bilih sampun ngawuningani gatinings sedya ing kalenggahan punika.

Nun inggih ing nguni Panjenenganipun Bp _____ sekalihan garwa sampun nggumolongaken pirembagan kalihan panjenenganipun Bp _____ sekalihan, karena ing pangajab sami - sami netepi darmaning asepuh nedya ngraketaken balung apisah daging arenggang, ingkang antawisipun Bp _____ sekalihan garwa kagungan putra ingkang kekasih Bg _____ panjenenganipun Bp _____ sekalihan anggadhahi siwi putri taruni kanthi sesilih

Rr _____ manunggaling sedya ingkang sampun jumbuh handhaupaken satataning adat. Inggih awit saking samudayanipun sampun manunggal cipta rasa miwah karsanipun ing kalenggahan punika badhe kaleksanakaken tata upacara pasrah panampining upakarti winastan lamaran saha wallimahan.

Mugi-mugi lekas wekasing sedya saged kasembadan ingkang sami ginayuh, panyuwunipun Bp _____ sekalihan mughi wontena jumurunging pamuji hastuti saking para lenggah sadaya hanggenya Bp _____ sekalihan, badhe nampi pasrahipun calon kadang besan tansah manggih basuki ing salwiring reh.

Hambok bilih Bp. _____ sekalihan sumarambah para kulawangsa anggenipun nampi karawuhan panjenengan sadaya kiranging tanggap tangguh miwah gupuh labet hanglenggana budi dayaning manungsa kirang sampurna, awit saking punika Bp _____ sekalihan namung tansah tumadhah lubering pangaksama.

Ing wasana pantok pepuntoning aturipun Bp _____ sekalihan lumantar kula, hambok bilih wonten atur kula ingkang mboten mranani dhiri saha mboten hanuju prana labet kiranging seserepan kula ing reh suba sita, basa tuwin sastra, muging diangung pangaksama panjenengan sadaya, wekdal kula aturaken kadang panatacara. Wassalamu 'alaikum Wr. Wb.

21. Tuladha Aturipun Panatacara Sasampunipun Tata Adicara Pambagyaharjo

Terwaca cetha kaduk ruruh hangarah prana aturipun Bp. _____ pinangka sulih salira ingkang hamengku gati.

Para lenggah kakung putri ingkartg satuhu kinurmatan, salajengipun dumugi laksitaning tata adicara atur pasrahipun saking duta saraya badhe / calon kadang besan.

Wondene ingkang pinangka sulih salira nun inggih panjenenganipun

Bp _____ wekdal kasumanggakaken

22. Tuladha Atur Pasrah Lamaran aking Duta Saraya Pinangka Sulih Salira saking calon Kadang Besan

Assalamu 'alaikum Wr. Wb.

Panjenenganipun para pepundhen, para sesepuh, para pini sepuh ingkang pantes pinundhi, panjenenganipun puma karya labet praja, para santana warga saking Bp _____ sekalihan garwa (ingkang mengku gati) ingkang pantes kinurmatan para kadang wredha mudha ingkang bagya mulya.

Amit pasang paliman tabik, ila - ila dina sinabetna ing ila duni tinebihnaa tulak sarik dhumawahing tawang towang, muging linpata saking siku dhendhaning Gusti Allah ingkang Maha Kawasa, kalilanana kula matur kanthi ngadeg wonten ngarsa panjenengan sadaya saperlu nggempil kamardikan panjenengan ingkang katemben wawan pangandikan, karena ing kalenggahan punika kula piniji ngembani wuwus dados duta saraya miwah cundhaka sulih saliranipun Bp _____ sekalihan.

Tinarbuka keparenga langkung rumiyin kula ngaturaken puji syukur wonten ngarsa dalem Gusti Allah ingkang Maha Agung, awit saking barokah saha rohmatipun ingkang tansah kapaningaken dhumateng panjenengan sadaya dalasan kula, saengga maksih pinarengaken kempal manunggal kanthi karaharjan tebih ing sambekala.

Sinawung raos suka ing ngajeng, keparenga kula ngaturaken wosing gati menggah pisowan kula sakadang.

Nun inggih maligi katur wonten ngarsanipun Bp _____ sekalihan garwa (ingkang mengku gati) kula pinangka sulih saliranipun Bp _____ sekalihan ngaturaken salam taklim muging katur wonten ngarsa panjenengan sumrambah para kulawarga samudayanipun. Wondene wigatosing gati pisowan kula sakadanga saperlu ngaturaken wudharing gantha babaring sedya.

Nun inggih ing nguni Bp _____ sekalihan garwa sami - sami hanggadahi pirembagan ingkang ing antawisipun Bp _____ sekalihan hanggadahi Putra jalu kekasih pun Bg. _____ wondene Bp _____ sekalihan garwa (mengku gati) hanggadahi kenya taruni sesilih Rr _____ gumolonging pirembagan nedya hangraketaken balung apisah daging arenggang bebasan ngebun-ebun enjang anjajawah sonten ndhodhok latar dhodhog lawang sumedya nginang

jambe suruhe, kanthi atur mekaten karana sampun jumbuh anggenipun pepetangan, saha sampun manunggal cipta, rasa miwah karsa, agenging manah ingkang tanpa pepindhan Bp _____ sekalihan anggenya sampun katampi panglamaripun pramila ing kalenggahan punika Bp _____ sekalihan ngaturaken sarana miwah upakarti pinangla jangkeping tatacara salaki rabi. Nun inggih perlu kula aturaken mriki ingkang badhe kaaturaken wonten ngarsanipun Bp _____ sekalihan garwa.

Sanggan saha majemuk ingkang sampun wonten wujudipun kanthi pangajabing sedya dadosa sarana sahipun sesanggeman miwah raketing kekadangan temah mboten saget pisah salami - laminipun.

Kasoking katresnanipun Bp _____ sekalihan dhumateng Bp _____ sekalihan garwa ing mriki badhe ngaturaken malih ageman ingkang awujud _____ ing pangajab pinangka agemanipun badhe / calon penganten putri.

mBoten kekilapan Bp _____ sekalihan ngaturaken redana wujud ing arta kenginga damel ngentheng – enthengi anggenipun Bp _____ sekalihan garwa (mengku gati) netepi darmaning sepuh miwaha siwi mahargya suta.

Amung panyuwunipun Bp _____ sekalihan, mug i keparenga calon penganten kadhaupna saha kapanggihna miturut satataning agami miwah adat ingkang sampun lumampah ing tlatah kampung mriki. Hambok bilih Bp _____ sekalihan anggenipun ngaturaken sarana wonten kekiranganipun labet budi dayaning manungsa kirang sampurna, mila awit saking punika Bp _____ sekalihan garwa (mengku gati) mug i hangandhapna samodra pangaksama ingkang agung.

Pepuntoning atur kula minangka ulih salira saking Bp _____ sekalihan menawi wonten gonyak - ganyuking wicara kiranging suba sita ingkang singlar ing reh tata krama miwah kasusilan, mug i diagung pangaksama panjenengan sadaya. Ing wasana Wabillahi taufiq wal hidayah Wassalamu 'alaikum Wr. Wb.

23. Tuladha Aturipun Panatacara Saksampunipun

Pasrah Lamaran Ngancik Panampi

Makaten para lenggah kakung saha putri, atur pasrahipun

Bp _____ pinangka duta saraya ing kalenggahan punika kanthi prastawa cetha wijang wijiling pangandikan, ingkang salajengipun pasrah sarana badhe katampi panjenenganipun Bp _____ miñangka sulih salira Bp _____ sekalihan (mengku gati).

Wekdal kasumanggakaken, sumangga nun.

24. Tuladha Panampi Pasrah Lamaran

Assalamu 'alaikum Wr. Wb.

Dhumateng _____ (Sesebutan kajumbuhaken kawontenan miturut andhap inggiling pangkat kalenggahan ingkang sami rawuh).

Ngembani wuwus karsanipun Bp _____ sekalihan, ing hari kalenggahan punika kula piniji pinangka sulih salira nampi pasrahipun saking Bp _____ minangka cundhaka badhe / calon kadang besan sutresna, minangka purwakaning atur

kula ugi ndherekaken ngaturaken puji syukur wonten ngarsa dalem Gusti Allah ingkang Maha Agung, awit sih wilasa miwah barokah ingkang tansah sinandhang panjenengan sadaya dalasan kula.

Nun inggih panjenenganipun Bp _____ ingkang pantes sinudarsana (ingkang pasrah) sadaya atur pasrah

panjenengan hambok bilih sampun mboten wonten ingkang karempit, kanthi raos suka ingkang tanpa pepindhan Bp

_____ sekalihan lumantar kula.

Nun inggih atur salam taklim saking badhe / calon kadang besan lumantar panjenengan kula tampi, salajengipun dhumawaha sami - sami.

Wondene atur pasrah paringipun sarana jejangkeping salaki rabi, kula tampi kanthi suka renaning manah, ing mangke badhe

kula aturaken wonten ngarsanipun Bp _____ sehari (mengku gati).

Atur panyuwunipun saking badhe / calon kadang besan menggah ijab panggihipun badhe / calon temanten mangke badhe

kateksanakaken, ijab wanci tabuh _____ panggih wanci tabuh _____ mboten kekilapan panjenenganipun Bp

_____ sekalihan amung ngaturaken panuwun menggah sadaya peparingipun badhe / calon kadang besan sutresna,

pratandha yekti kasoking katresnan dhumateng

Bp _____ sekalihan (mengku gati) mugèni dadosa sarana raketèng kekadang sami - sami netepi darmaning sepuh

anggenya ngentas pitulus putra piningan raharja mulya.

Amung semanten panampi saking Bp _____ sekalihan lumantar kula, ngaturi uninga bilih wahyaning mangsa kala

tumapaking ijab utawi panggih kasuwun panjenenganipun Bp _____ sekalihan garwa wontena suka lilaning penggalih

hanjenengi paring pudyastuti murih rahayuning sedya.

Pepuntoning atur kula hambok bilih kirang hanuju prana anggen kula nampi labet kula hangglenggana kiranging seserepan

saha kirang pana dhumateng wewatoning para winasis ing reh basa tuwin sastra, ingkang punika panjenenganipun Bp

_____ (ingkang pasrah) sumrambah para lenggah sadaya mugèni keparenga hangandhapna agunging pangaksama.

Ing wasana Wabillahi taufiq wal hidayah Wassalamu 'alaikum Wr. Wb. Nuwun.

25. Tuladha Aturipun Panatacara Sasampunipun Panampi Pasrah Lamaran

Kanthi trewaca cetha atur panampi saking panjenenganipun Bp _____ minangka sulih saluranipun ingkang hamengku gati, ingkang salajengipun dipun wonteni paniti priksa sarana ingkang kapasrahaken saha kaleksanakaken paragan saking duta saraya (ingkang pasrah) dhumateng panampi pasrah, ujuding arta miwah jene salajengipun kaaturaken dhumateng ingkang mengku gati, kaleksananing sedya kasumanggakaken.

26. Tuladha Aturipun Panatacara Badhe Kaleksanakaken Liru Kalpika (menawi wonten)

Para lenggah kakung putri ingkang sinuba ing pakurmatan jumbuh kalian pamintanipun saking calon kadang besan, ing mriki keparengipun Bp _____ ingkang mengku gati kaleksanakaken wontenipun liru kalpika dening para kulawarga ingkang piniji mratitiskan.

Wondene para kulawarga ingkang piniji nun inggih panjenenganipun

Ibu _____ ingkang hanganthi calon penganten putri panjenenganipun Ibu _____ dalasan Ibu _____, calon temanten kakung ugi kakanthi panjenenganipun Bp _____ dalah Bp _____

Kados samudayanipun sampun samekta dhumateng para kulawangsa ingkang piniji wekdal kasumanggakaken.

Wahyaning mangsa kala tumapaking liru kalpika katindakaken dening calon penganten, sinubagya ungeling Ketawang Wigaringtyas / Langgam Ali - ali laras SI. Pathet Manyura.

27. Tuladha Aturipun Panatacara Salebetipun Liru Kalpika

Para lenggah kakung putri, kaleksanan liru kalpika, pangandianipun para pinisepuh, liru kalpika saged katindakaken saderengipun calon penganten kaijabaken utawi kapanggihaken, wondene menawi sampun kaijabaken saged winastan imbal kalpika, tali asih minangka pratandha miwah tetenger bilih sampun wonten ingkang nggadhahi.

28. Tuladha Aturipun Panatacara Badhe Tanggap Wacana (menawi wonten)

Kanthi lulus raharjo liru kalpika ingkang katindakaken calon temanten kakung miwah penganten putri, inggih awit saking keparengipun Bp _____ sekalian (mengku gati) mrih calon temanten tansah manteb anggenya badhe netepi palakrama mboten nalisir saking prajanji ingkang sampun wonten paugeran ingkang antawisipun calon temanten kakung miwah calon temanten putri, saha tansah asah, asih, asuh, mboten kengguh panggodha.

Ingkang punika badhe wonten tanggap wacana saking pinisepuh ngiras pantes paring piweling dhumateng calon penganten kekalih tumuju kasaenan.

Wondene ingkang kepareng atur tanggap wacana nun inggih Bp _____ wekdal kasumanggakaken, sumangga nun.

29. Tuladha Aturipun Panatacara Wonten Ing Salebetipun Swasana Mirunggan

Para lenggah kakung putri ingkang pantes sinudarsana, laksitaning tata adicara ingkang sampun rinakit dening kulawarg kados sampun kaleksanakaken kanthi pinayungan karaharjan tebih ing sambekala.

Namung panyuwunipun Bp _____ (ingkang mengku gati) panjenenganipun para lenggah kakung putri kasuwun lelenggahan kanthi mirunggan dumugi paripurnaning gati, kula aturaken ing mriki mbok bilih pratandha paripurnaning gati ing kalenggahan punika menawi calon temanten kekalih miwah rama ibu (ingkang mengku gati) sampun

kawistara jumeneng wonten sangajengipun wiwara, ingkang punika kasuwun tansah nyebar godhong kawis, sabar ingkang sawatawis, nuwun, matur nuwun.

30. Tuladha Aturipun Panatacara nDungkap Paripurnaning Gati

Handungkap titi mangsa kala paripurnaning sedya, karana urut reroncening tata adicara sampun kaleksanakaken dening para kulawarga. Para tamu kakung putri ingkang satuhu bagya mulya, saderengipun purnaning gati panjenenganipun Bp _____ sekalihan (mengku gati) raos syukur wonten ngarsanipun Gusti Ingkang Maha Agung kaleksananing sedya kanthi pinaringan wilujeng nir ing sambekala, mboten kekilapan ngaturaken panuwun dhumateng para duta saraya sumrambah para tamu samudayanipun, ingkang punika Bp _____ sekalihan (mengku gati) tansah hanglenggana budi dayaning manungsa kirang sampurna, hambok bilih anggenipun nampi kerawuhan panjenengan wonten kiranging tangguh, gupuh miwah suguh saha anggenipun ngaturi palenggahan panjenengan sadaya kirang hanuju prana kalihan andhap inggiling kalenggahan panjenengan sadaya, kagerba kiranging boja miwah krama, mugu diagung pangaksama panjenengan.

Kula minangka pambiwara, ugi hanglenggana karana kirang ing seserepan hanjalari kuthunging pamanggih miwah kirang pana dhumateng wewarah wewangsoning para winasis ing reh basa tuwin sastra, ingkang punika hambok bilih wonten kalepatan kula, mugu para tamu sadaya ngluberna pangaksama ingkang agung, calon temanten kekalih badhe kajengkaraken panjenenganipun Ibu _____ miwah Ibu _____ tumuju wiwara ngajeng pratandha yekti purnaning gati.

Hamung semanten pahargyan lamaran ingkang kaleksanakaken para kulawarga, sesantining Bp _____ sekalihan (mengku gati) mugu tansah rahayu, rahayu ingkang sarwi tinemu, konduripun ndherekaken sugeng.

Wabillahi taufiq wal hidayah Wassalamu 'alaikum Wr. Wb.

Keterangan:

Saderengipun paripurna mbok bilih wonten atur pamitan saking duta saraya, atur tanggapan saking ingkang mengku gati menawi saged kaaturaken dening panatacara (kangge ngringkes wekdal).

31. Tuladha Atur Pambuka Panatacara Wonten Ing Pahargyan Mantu

Bismillahirrohmanirrohim

Assalamu 'alaikum Wr. Wb,

Dhumateng panjenenganipun para pepundhen, para sesepuh pinisepuh ingkang hanggung mastuti dhumateng pepoyaning kautaman ingkang pantes pinundhi, para pangemban pangembating praja satriyaning negari minangka pandam pandoming para kawula dasih ingkang sinuba ing pakurmatan, para sarjana, para sujana sujananing budi ingkang sampun wenang hanampi wahyuning kasutapan ingkang satuhu bagya mulya, nun inggih brayat ageng baraya wira wiyata, baraya wira tamtama, para puma karya labet praja ingkang mahambeg luhuring darma, para alim, para ulama ingkang rinten dalu tansah sumandhing kitab suci wahyuning Ilahi minangka panuntun keblating panembah ingkang satuhu luhuring budi, panjenenganipun para satya wredha, carana madya, para tamu kakung sumawana putri ingkang pantes nampi pakurmatan satuhu pantes lamunta sinudarsana.

Mradapa awit saking keparengipun Bp _____ sekalihan garwa, kula ingkang kapitedhan sinaraya hambuka wiwaraning suka, wenganing wicara, dwaraning kandha pinangka jejereng pambiwara ngaturaken urut reroncening tata

upacara ingkang sampun rinakit, rinancang dening para kulawangsa ingkang tartamtu kewala kaeneraken wonten ing pawiwahan prasaja ing hari kalenggahan punika, nun inggih panjenenganipun Bp _____ netebi darmaning asepuh hangrakit sekar cepaka mulya, miwaha siwi mahargya suta. Kanthi raos panalangsa ingkang hamengku karsa nyuwun wonten ngarsanipun Gusti ingkang akarya loka, miwah nyuwun donga pangestunipun para lenggah, mugu kaleksananing sedya ing hari kalenggahan punika purwa madya wasana tansah piningan rahayu wilujeng tebih ing sambekala.

Para rawuh saha para lenggah saderengipun kula ngaturaken urutan reroncening tata upacara ing ri kalenggahan punika mugu sageta jumbuh kalihan kuncaraning bangsa nuswantara ingkang linambaran luhur sarta agunging Pancasila sumangga nun dhumateng para rawuh saha para lenggah langkung - langkung para pinisepuh ingkang sampun handungkaping yuswa ingkang ateges sampun pana ing pamawas, keblating panembah saha lebda ing pitutur kula dherekaken manungku puja hastawa puji hastuti wonten ngarsanipun Gusti purbaningrat, karena agung barokah saha rahmatipun ingkang rumentah dhumateng panjenengan sadaya dalasan kula ingkang sarta mugu lampahing tata upacara pahargyan prasaja ing ri kalenggahan punika tansah winantu ing suka basuki rahayu nir ing sambekala.

Para rawuh saha para lenggah, sampun dumugi wahyaning mangsa kala binuka hing tata upacara;

- Tinarbuka sowaning putra temanten saking sasana busana kepareng humarak sowan lenggah wonten ing sasana rinengga dening para ingkang piniji.
- Pasrah panampining putra temanten kakung dening para tetuwangga ingkang piniji.
- Panggihing putra temanten kalajengaken upacara sungkem.
- Atur pambagya yuwana saking ingkang hamengku karsa.
- Inkang salajengipun sowaning putra temanten sekalihan inggih winastan upacara kirab angka I winastan Kirab Kanarendran.
- Kirabing putra temanten ingkang angka II winastan kirab kasatriyan.
- Wondene pratandha cetha paripurnaning pahargyan prasaja ing mangke hambok bilih sampun wonten pratandha saking kulawarga minangka paran para.

Panjenenganipun para rawuh saha para lenggah, makaten menggah urutan reroncening tata upacara pahargyan prasaja ing ri kalenggahan punika, mila hawit saking punika mugu wontena suka lilaning panggali kasuwun tansah lelelenggahan kanthi mardu mardikaning panggali sarwi paring puja hastawa puji hastuti saengga paripurnaning pahargyan prasaja ing hari kalenggahan punika.

Para rawuh saha para lenggah, jumbuh kalia urutan reroncening tata upacara ingkang sarta karena sampun paripurna sri atmaja temanten putri anggenya hangadi salira mulas wadana, keparenging sedya sri atmaja temanten putri badhe humarak sowan wonten ngarsa panjenengan sadaya lenggah wonten ing sasana rinengga, wondene jengkring sri atmaja temanten putri saking sasana busana kakanthi panjenenganipun Ibu _____ saha Ibu _____ hambok bilih sampun samekta ing gati murih rahayuning sedya kasumanggakaken dhumateng para - para ingkang piniji, jengkring temanten putri binarung ungeling Ketawang Puspawarna kanthi laras slendro pathet manyura, sumangga, nun nuwun.

32. Tuladha Panyandra Temanten Putri Kalenggahaken

Binarung swaraning pradangga hangrangin hambabar ketawang Puspawarna, ana ganda hangambar arum katiyubing samirana manda, kawistara jengkaring sri atmaja temanten putri mijil saking tepas wangi, tepas mengku werdi papan wangi wus hangarani ateges mijil saking panti busana nedya humarak sowan wonten ngarsanipun para rawuh manjing salebeting sasana rinengga kinanthenan Ibu _____ saha Ibu _____

Sri temanten putri hangagem busanaa ingkang sarwa retina hangemba busananing garwa nata, katon pating galebyar pating pancurat lamun kasar sunaring pandam kurung ingkang hangrenggani sasana adi, pan yayah kartika hasilih prenatal. Hangagem puspito rinonce ing ukelira, sinampiraken wonten ing pamidhangan kanan, lamun katiyubing samirana manda kongas gandane hangebegi wisma pawiwahan, endah edining busana hamimbuhi gandes luwes solah bawane, lamunta cinandra ical sipating janma sawantah pan yayah Bathari _____ tumurun. Tindakira sri atmaja temanten putri hamucang kanginan, lengkeh - lengkeh pindha singa lupa, sapecak mangu satindak kendel pangudasmaring driya ingkang dereng kawijiling lesan hangrantu praptaning mudha taruna minangka gegantilaning nala. Wus handungkap prapta hunggayan ingkang tinuju, putra temanten putri nulya kalenggahaken wonten ing sasana rinengga hangrantu laksitaning adicara ingkang sampun tinamtu.

33. Tuladha Aturipun Panatacara Sasampunipun Temanten Putri Lenggah Hangancik Adicara Salajengipun

Para rawuh saha para lenggah, kawistara sri atmaja temanten putri sampun lenggah hanggana raras wonten sasana adi inggih ing sasana rinengga ingkang ateges lenggah piyambakan lamun cinitra ing ukara semu kuciwa ing wardaya kaya - kaya hangrantu praptaning satriya mudha ingkang dadya gegantilaning nala, memaniking netra kang lagya labuh nagara.

Nun inggih para rawuh saha para lenggah, laksitaning tata upacara salajengipun sowaning putra temanten kakung saking wisma palereman ingkang kakanthi panjenenganipun Bp _____ saha Bp _____ wondene ingkang hamboyong sekar cepaka mulya inggih kembar mayang panjenenganipun Ibu _____, Ibu _____ ingkang sarta Ibu _____ minangka panyongsongipun, jengkaring caraka pamethuking temanten kakung kabiwaldha ungeling ladrang kapang - kapang laras pelog pathet 6 sumangga nun, nuwun.

34. Tuladha Aturipun Panatacara Badhe Jengkaring Temanten Kakung Saking Wisma Palereman

Nun inggih panjenenganipun para rawuh saha para lenggah, caraka pamethuking putra temanten kakung inggih panjenenganipun Bp _____ saha Bp _____ sampun dumugi sasana ingkang tinuju nulya hanjengkaraken Sri atmaja temanten kakung, jengkaring putra temanten kakung ginarubyug para kadang wandawa binarung ungeling ladrang wilujeng laras pelog pathetbarang, nuwun.

35. Tuladha Panyandra Sowaning Putra Temanten Kakung Saking Wisma Palereman

Binarung swaraning gangsa ingkang hangrangin hambabar ladrang wilujeng, kawistingal jengkaring putra temanten kakung saking wisma palereman ing pangajab mugu tansah manggih kawilujengan kalis hing sambekala, gumebyar busananing putra temanten kakung hangagem busana ingkang tinaretas benang sotya, ngagem kuluk kanigara hangemba busananing nata.

Dhampyak - dhampyak para kadang wandawa ingkang samya hangayab tindakipun putra temanten kakung, temanten kakung hanggenya lumaksana lengkeh - lengkeh pindha singa lupa, riak hanggajah ngoling sapecak mangu satindak kendel semu hangungun hanguningani endah edining swasana ingkang hangrengani tawinging wiwara.

Wus handungkap unggyan ingkang tinuju gya kendel tindakira wonten sangajenging wiwara, keparenging sedyang hangrantu laksitaning adicara salajengipun.

36. Tuladha Aturipun Panatacara Badhe Upacara Pasrah Temanten

Wus tinata titi tataning gati, nun inggih putra temanten kakung sampun jumeneng wonten sangajenging wiwara keparengbadhe hanetebi upacara pasrah, wondene ingkang kepareng hamasrahaken panjenenganipun

Bp _____ minangka sulih salira panjenenganipun

Bp _____ (ingkang mengku gati, menawi temanten saking wisma palereman)

Bp _____ (Besan, menawi putra temanten saking dalemipun piyambak).

Wondene ingkang piniji hanampi panjenenganipun Bp _____ jumenengipun Bp _____ ingkang kepareng hanjajari panjenenganipun Bp _____ ingkang sarta Bp _____ hambok bilih sampun samekta ing samudayanipun saha swasana kasumanggakaken dhumateng para - para ingkang piniji, sumangga nun nuwun.

37. Tuladha Atur Pasrah Temanten Kakung

Assalamu alaikum Wr. Wb.

Kasugengan saha sih nugrahaning Gusti ingkang akarya loka mugu tansah kajiwa kasarira wonten panjenengan sadaya dalasan kula. Panjenenganipun Bp _____ (ingkang nampi) keparenga kula matur minangka sulih saliranipun Bapak saha Ibu (besan) kula kinen masrahaken putra temanten kakung pun Bagus _____ mugu katur panjenenganipun Bapak saha Ibu _____ (ingkang mengku gati).

Wondene kalampahanipun mekaten, kala wau wanci tabuh _____ temanten kakung kula pendhet saking dalem _____ (alamatipun besan), saking wisma palereman (menawi sampun kapondhokan) kanthi kairing para sepuh, kulawangsa sanak kadang pawong mitra sawetawis, kula bekta / kanthi sowan ing dalem pawiwahan mriki kanthi gangsar, lancar rahayu wilujeng nir ing sambekala.

Pramila ngemban dhawuh _____ wigatosing sedyang, keparenga hing mangke temanten kakung kula pasrahaken tuwin kula sumanggakaken dhumateng panjenengan minangka sulih saliranipun Bp _____ (ingkang mengku gati) cundhuk kalihan lampahing adicara.

Ing wasana hambok bilih anggen kula nindakaken ayahan punika kirang ndadosaken pirenaning penggalih mugé diangung pangaksama panjenengan, nuwun, nuwun maturnuwun.

Wassalamu 'alaikum Wr. Wb.

38. Tuladha Aturipun Panatacara Sasampunipun Pasrah Temanten Kakung Ngancik Panampi

Nun inggih, paripurna atur pasrah temanten kakung panjenenganipun (ingkang pasrah) gya tinampi panjenenganipun Bp _____ (ingkang nampi) minangka talanging basa panjenenganipun Bp _____ (mengku gati) ing wasana wekdal kasumanggakaken.

Nuwun.

39. Tuladha Atur Panampi Pasrah Temanten Kakung

Assalamu 'alaikum Wr. Wb.

Dhumateng panjenenganipun Bp _____ (ingkang pasrah) ingkang hangemban wajib luhur ing madyaning bebrayan ageng ingkang sinuba ing pakurmatan.

Nun inggih saderengipun kula nampi wosing gati rawuh panjenengan kanthi hangirid para kadang panekaring putra temanten kakung, mboten kekilapan kula ugi ngaturaken puji syukur wonten ngarsa dalem Gusti purbaningrat, awit panjenengan sadaya dalasan kula tansah dipun keparengaken kempal manunggal saperlu netepi darmaning agesang wonten madyaning bebrayan ageng, mugé Gusti Inggang Maha Kawasa tansah paring suka basuki rahayu ingkang sarwi ginayuh.

Panjenengartipun Bp _____ (ingkang pasrah) menggah lekasing pangandika panjenengan hamasrahaken putra temanten kakung kula tampi kanthi sae, handadosaken suka bingahing manah, salajengipun badhe kula aturaken dhumateng panjenengariipun Bp _____ (ingkang mengku gati) karena badhe kapanggihaken miturut tata cara adat widi widana ingkang sampun sinengker, mugé laksitaning upacara panggihing putra temanten ing mangke tansah manggiha rahayu wilujeng nir ing sambekala sarta karoban sihing Gusti ingkang Maha Agung. Pungkasaning atur kula minangka talanging basa saking panjenenganipun Bp _____ (mengku gati) tansah tumadhah lubering pangaksama, karena kiranging suba sita, kalentuning basa sastra anggen kula matur kalebet anggen kula nampi panjenengan sarombongan.

Kajawi saking punika panjenengan sarombongan taksih kula suwun hanjenengi panggihing sri penganten ngantos dumugi purnaning pawiwahan ing wekdal punika. Ing wasana Wabillahi taufiq wal hidayah Wassalamu 'alaikum Wr. Wb.

40. Tuladha Aturipun Panatacara Sasampunipun Pasrah Panampining Putra Temanten Kakung

Paripurna pasrah panampining putra temanten kakung dening para ingkang piniji kanthi lulus raharja nir ing sambekala.

Panjenenganipun para rawuh saha para lenggah, wus dumugi wahyaning mangsa kala laksitaning upacara salajengipun inggih panggihing putra temanten sekalihan, menggah ingkang piniji manggihaken putra temanten nun inggih Ibu _____ minangka panganthining putra temanten putni Ibu _____ ingkang sarta Ibu _____

wondene ingkang nyamektakaken uba rampening panggih Ibu _____
dhumateng panjenenganipun Ibu _____
minangka pangembangan sekar cepaka sasele mugè keparenga hamapag jengkaning
putra temanten putri saking sasana adi, jengking putra temanten putri ingkang sarta
panggihing putra temanten sekalian binarung ungeling gangsa Kodhok
Ngorek, kalajengaken Ketawang Larasmaya, laras pelog pathet barang sumangga nun,
nuwun.

41. Tuladha Panyandra Panggihing Temanten

Wus dumugi wahyaning mangsakala dhumawahing kodrat, sri atmaja temanten
hanetebi tata upacara adat widi widana ingkang sampun sinengker wonten talatah
_____ nun inggih upacara panggih, adat mengku werdi tata cara,
widi werdinipun Gusti, winengku werdi luhur wondene dana mengku werdi paweweh
dados adat widi widana hamengku werdi tata cara paringipun Gusti ingkang linangkung,
punapa ta werdinipun panggih inggih punika pangudi gambuhing panggali,
mila mboten mokal wonten titahing Gusti ingkang asipat jalu lawan wanita ingkang
sumedya hanetepi jejering agesang, hangancik ing alam madya, mastuti ila - ila ujaring
kina ingkang cinandhi hing akasa jinempana ing maruta, sarta mulat edi
endahng budaya tulus.

Budaya ateges laku pangolahng budi, wondene titikanipun tiyang ingkang budaya
punika

1. landhep panggraitane,
2. tanggap ing sasmita,
3. susila hanuraga,

punika ingkang saget hambabar pakarti budi luhur, ingkang nyata mengku werdi tansah
hangesthi Hayu - Hayom - Hayem - Hangayomi gesanging bebrayan agung.

Saya caket tindakira temanten kekalih, gya samya apagut tingal, tempuking catur netra
handayani pangaribawa ingkang hambabar manunggaling nala ingkang tumanem ing
sanubari, nulya kumlawe astane temanten putri sarwi hambalang gantal mring
temanten kakung ingkang winastan gondhang kasih, temanten kakung gumanti
hambalang gondhang tutur, punapa ta wujud miwah werdinipun gantal, gantal dumadi
saking suruh ingkang lininting tinangsulan lawe wenang, pinilih suruh ingkang
tinemu rose, ingkang mengku werdi : Suruh lamun dinulu beda lumah lawan kurebe yen
ginigit tunggal rasane, mengku pralampita dhumateng putra temanten mugè tansah
manunggal cipta, rasa miwah karsane suruh asung pitedah sumurupa
nganti weruh, bisoa nganti tekan raosing rasa inggih rasa sejati.

Sanadyan ingkang sajuga jejer priya kang sawiji putri, lamun bisa manunggalake tekat
lan rasane, pinesthi dadi jatu kramane.

Werdinipun priya saking tembung pari ingkang linangkung, hoya ateges kuwat utawi
santosa, wondene tembung putri mengku werdi haywa supe ing pametrinira marang
badanira priyangga.

Tinangsulan lawe wenang werdinipun tinangsulan lan akrami kaiket ing prasedya luhur,
mugè anggenya mangun bebrayan mboten nalisir saking hangger paugeraning
kautaman.

Pariapura titilaksitaning upacara panggih, putra temanten sekalian gya siningeban
sindur dening ingkang rama, asung pralampita putra temanten tansah tinuntun ing reh

kautaman anggenipun ngancik ing alam madya tansah pinaringan karaharjan miwah kabagaswarasan, hanjayeng bawana salaminya.

Para rawuh saha para lenggah, wus handungkap prapteng unggyan ingkang tinuju, sung sasmita panganthining temanten, gya kalenggahaken ing sasana wisudha tama hangrantu laksitaning tata upacara ingkang sampun tinata, nuwun.

42. Tuladha Aturipun Panatacara Wekdal Mirunggan Sasampunipun Netepi Upacara Panggih

Para rawuh saha para lenggah, paripurna panggihing putra temanten, ingkang punika pahargyan prasaja ing ri kalenggahan punika dereng paripurna, mila awit saking punika muging wontena suka lilaning penggalih kasekecakna lenggah saengga paripurnaning pawiwahan ing kalenggahan punika.

43. Tuladha Aturipun Panatacara Badhe Rawuhipun Besan

Para rawuh saha para lenggah, sampun paripurna putra temanten anggennya netepi tatacara adat ingkang sinenger nun inggih upacara krobongan winastan kacar-kucur. Mila awit saking punika laksitaning upacara salajengipun nun inggih rawuhing kadang besan sutresna, dhumateng ingkang piniji minangka hanganthi rawuhing kadang besan nun inggih panjenenganipun Bp _____ sekalihan, jengkaring Bp _____ sekalihan binarung ungeling ladrang Tirta Kencana nuwun.

44. Tuladha Aturipun Panatacara Badhe Upacara Sungkem

Nun inggih para rawuh saha para lenggah, kadang besan sutresna panjenenganipun Bp _____ sekalihan (besan) sampun lenggah aben ajeng kalihan Bp _____ sekalihan (ingkang mengku gati) wonten ing sasana ingkang sampun sumadya, keparenging sedya badhe hanampi sungkeming putra temanten sekalihan, ingkang piniji nglolos dhuwung panjenenganipun Bp _____ hambok bilih sampun samekta ing gati, rahayuning sedya kasumanggakaken para-para ingkang piniji, sungkeming putra temanten sinaringan rerepen sekar macapat dhandhanggula, sumangga nun nuwun.

45. Tuladha Rerepen Dhandhanggula Kangge Nyarengi Upacara Sungkem

1. Rama ibu kang luhuring budi
Inkang hangukirjiwa lan raga
Kang agung pangurbanane
Paring pituduh luhur
Rina wengi tansah hangesthi
Mrih rahayuning putra
Lulus kang ginayuh
Sadaya ribet rubeda
Linambaran kanthi sabaring penggalih
Tuhu pantes sinembah.

2. Kadya sinendhal rasaning ati

Panyungkeme kang putra sajuga
Tumetes deres waspane
Tan kawawa jroning kalbu
Ngondhok-ondhok rasaning galih
Alon ngandikanira
Dhuh angger putraku
Sun tanpa panyungkemira
Muga-muga antuk barkahing Hyang Widi
Nggonira jejodhohan.

3. Piwelingku aja nganti lali
Anggonira mbangun bale wisma
Runtut atut sakarone
Adohna tukar padu
Tansah eling sabarang ati
Kuwat nampa panandhang
Tan gampang amutung
Dadiya tepa tuladha
Uripira migunani mring sesami
Hayu - hayu pinanggya.

46. Tuladha Aturipun Panatacara Paripumaning Upacara Sungkem

Paripurna putra temanten hanggennya ngaras pada wonten ngarsanipun rama miwah ibu kanthi lulus raharja hing sambekala.

Para rawuh saha para lenggah, titi laksana upacara salajengipun nun inggih atur pambagya yuwana saking panjenenganipun Bp _____ (ing kang mengku gati), panjenenganipun Bp _____ (ing kang mengku gati) keparenging sedya badhe hangaturaken raos suka ebahing manah bingah inggih atur pambagyaharja dhumateng panjenenganipun para rawuh saha para lenggah, inggih karena bombong birawaning manah ing kang mboten saget ginambaraken ing mriki, pindha kajugrugaan harga inten karoban seganten madu, anggenya badhe matur mboten kawiyos wijiling lesan amung kandheg wonten samadyaning jangga, sinten ta minangka talanging basa atur pambagya, tan nolyan panjenenganipun Bp. _____ mbok bilih sampun samekta ing gati mrih rahayuning sedya kasumanggakaken, nuwun.

47. Tuladha Atur Pambagyaharja

Bismillahirrohmanirrohim

Assalamu 'alaikum Wr. Wb.

Para pepundhen, para sepuh, para pinisepuh ing kang pantes pinundhi, para pangemban pangembating praja, para satriyaning nagari ing kang pantes kinormatan, para kadang wredha mudha ing kang bagya mulya, para tamu kakung putri ing kang pantes sinudarsana.

Keparenga kula mambeng anggen panjenengan sadaya katemben wawan pangandikan, karena kula piniji Bp _____ sekalihan, kinen ngaturaken wudharing gantha babaring sedya, raos suka ebahing manah bingah saha lekasing sedya wigatosing gati ing kalenggahan punika.

Minangka purwakaning atur langkung rumiyin sumangga panjenengan sadaya kula dherekaken atur puji syukur wonten ngarsa dalem Gusti Allah ingkang Maha Agung, karena sih wilasa miwah barkah ingkang rumentah dhumateng panjenengan sadaya dalasan kula saengga maksih saget kempal manunggal kanthi pinayungan karaharjan tebih ing sambekala.

Para lenggah ingkang sinuba ing pakurmatan, madyaning wiwahan punika panjenenganipun Bp _____ sekalihan

lumantar kula ngembali ngaturaken sugeng rawuh sinarengan raos pānuwun ingkang tanpa pepindhan, kasuwun tansah lelelgahan kanthi mardu mardikaning penggalih, wondene lekas wekasing sedya wigatosing gati kula aturaken ing mriki, nadyan panjenengan sadaya hambok bilih sampun ngawuningani gatinings sedya ing palenggahan punika ingkang sampun sinerat ing kintaka wara punapa dene jawilan.

Nun inggih netepi darmaning asepuh Bp _____ sekalihan ing kalenggahan punika mahargya suta hamiwaha siwi, ngentas pitulus kenya putrinipun ingkang sesilih namipun Rr _____ kaleksanan dhaup kallyan Bg _____ priya tanaya panjenenganipun Bp _____ sekalihan ingkang pidalem ing _____ ingkang sampun kalampahan ijab miturut satataning adat kanthi pinayungan karaharjan tebih ing sambekala, ingkang punika panyuwunipun Bp _____ (ingkang mengku gati) wonten ngarsa panjenengan sadaya muging wontena lilaning panggali para tamu kakung putri paring jurung puja hastawa puji hastuti dhumateng temanten sarimbit anggenya badhe gesang wonten ing alam bebrayan tansah runtut atut miwah bagya mulya sembada ingkang jinangka basuki kang kaesthi.

Para lenggah kakung putri ingkang satuhu kinurmatan, kaleksananing pahargyan ing kalenggahan punika saged kalampahan karena sih pambiyantunipun para sanak kadang pawong mitra langkung - langkung para warga RT _____ ingkang punika hambok bilih panjenenganipun Bp _____ (ingkang mengku gati) mboten saged mangsulaken karena lahir, amung kasumanggakaken wonten ngarsanipun Gusti Ingkang Maha Agung muging sih kadampan panjenengan dadosa ngamal kasaenan.

Para tamu kakung putri ingkang pantes sinudarsana Bp _____ sekalihan lumantar kula tansah hanglenggana budi dayaning manungsa kirang sampurna, hambok bilih anggenipun nampi kerawuhan panjenengan sadaya, kiranging tanggap tangguh gupuh muging diagung pangaksama, mboten kekilapan dhumateng para kadang mudha taruna anggenipun sami nawung kridha aleladi wonten ngarsa panjenengan sadaya, hambok bilih wonten kiranging suba sita lumantar kula tansah nyuwun agenging pangaksama panjenengan sadaya.

Hing wasana minangka pepuntoning aturipun Bp _____ sekalihan lumantar kula hambok bilih wonten kiranging boja miwah krama muging para tamu ngluberaken samodra pangaksama ingkang agung, kula minangka talanging basa kathah atur kula ingkang mboten hanuju prana labet kula ugi hanglenggana kiranging seserepan miwah kirang pana dhumateng ing reh suba sita, basa tuwin sastra, kula amung tumadhah lubering pangaksama, salajengipun wekdal kula aturaken wangsul dhateng kadang panatacara.

Akhirul kalam Wassalamu 'alaikum Wr. Wb.

48. Tuladha Aturipun Panatacara Sasampunipun Pambagyaharja - Ngancik Upacara Salajengipun

Panjenenganipun para rawuh saha para lenggah, paripurna atur pambagya yuwana saking panjenenganipun Bp _____ (ing kang mengku gati) ing kang tinalang basa panjenenganipun Bp _____ (Lurah upaminipun) kanthi ruruh hangarah prana, titi, tata, titis wijang wijiling pangandika saengga mboten wonten ing kang karempit, salajengipun ngaturi uninga bilih pahargyan prasaja ing kalenggahan punika dereng paripurna, paripurnanipun hambok bilih ing mangke sampun wonten pratandha saking kulawarga minangka paran para, mila awit saking punika mug i wontena lilaning panggali h kasekecakna lenggah, sinambi mirsani keparengipun sedya Bp _____ ngaturaken panglipur awarni langen beksan _____ (menawi wonten) minangka miyak sepining swasana.

Wondene beksan - badhe katindakaken dening _____, hambok bilih sampun samekta ing gati murih kasembadaning sedya kula sumanggakaken dhumateng kadang ing kang kepareng ngaturaken langen beksan, sumangga nun, nuwun.

49. Tuladha Aturipun Panatacara Sasampunipun Beksan

Paripurna atur pasugatan langen beksan saking panjenenganipun Bp _____ (ing kang mengku gati) ing kang katindakaken dening kadang _____ saking _____, wondene pangalembana miwah panyaruwe kula sumanggakaken dhumateng para rawuh sadaya.

50. Tuladha Aturipun Panatacar Ngancik Upacara Kirab

Panjenenganipun para rawuh saha para lenggah, saparipurnaning langen beksan punika keparenging sedya putra temanten badhe jengkar marak sowan wonten ngarsa panjenengan winastan kirab kanarendran, badhe manjing wonten sasana busana arsa ngrucat busana kanarendran hangrasuk busana kasatriyan.

Keterangan:

Panatacara ngaturaken paraga kirab wiwit suba manggala ngantos pethiting lampah inggih rama ibu

Para lenggah, kados sampun samekta ing gati para paraga ing kang badhe njengkaraken putra temanten, rahayuning sedya kasumanggakaken dhumateng para ing kang piniji, jengkaring ki suba manggala sinaringan rerepen Dhandhanggula, sumangga, nun.

51. Tuladha Rerepen Dhandhanggula Kangge Nyarengi Jengkaring Suba Manggala

Sekar Dhandhanggula

1. Hanyarkara sinanggit memanis

Hangrumpaka pahargyan prasaja

Dahat edi sanyatane

Sinten kang nembe mantu

Hamiwaha atmajaneki

Mahargya marang putra

Ingang sampun dhaup
Bapak _____
Sekalihan kang hanggung tulus marsudi
Budayaning priyangga.

2. Wus manunggal keblat hanyawiji
Amrih bisa lestari widada
Sri penganten sakarone
Jinangkung ing Hyang Agung
Saniskara ingkang kaesthi
Sembada kang sinedya
Jumbuh kang ginayuh
Guyub rukun ing bebrayan
Runtut atut tumekeng kaki lan nini
Manggiha bagya mulya.

Keterangan:

Satelasing sekar Dhandhanggula kalih pada punika, manawi dereng cekap saget dipun sambung ayak - ayakan slendro 9.

52. Tuladha Rumpaka (Panyandra Temanten Kirab angka I)

Wus dumugi unggyan ingkang tinuju, ki suba manggala gya asung dhumateng putra temanten sarimbit nulya jengkar saking sasana rinengga, jengkaring putra temanten pindhane sri narendra lagya cangkrama kalihan ingkang garwa. (Lajeng mungel Ketawang Langen Gita Sri Narendra laras pelog pathet barang).

Panjenenganipun para rawuh saha para lenggah, padatan kirabing putra temanten punika dipun rumpaka, wondene rumpaka punika wonten kalih,

1. rumpaka panyandra;
2. rumpaka wedharan;

Kepareng kula ing mriki ngaturaken rumpaka wedharan, binarung swaraning gangsa kang hambabar ketawang Langen Gita

Sri Narendra katingal putra temanten jengkar saking sasana rinengga keparenging sedya marak sowan wonten ngarsanipun para rawuh manjing ing panti busana arsa ngrucat busananing kanarendran badhe hangrasuk busana kasatriyan, sinten ta pinangka pangarsaning lampah inggih winastan suba manggala ingkang ateges suba punika sae, manggala punika dados pangarsa ingkang sae, mila mboten mokal lamun ta kadang _____ piniji pinangka pangarsaning lampah ingkang mengku werdi asung pralampita dhateng para putra temanten sekalihan engeta dhumateng Gusti ingkang akarya loka, mila jejeri manggala suba namung setunggal, sinambunging lampah ki suba manggala lah punika ta warnane ingkang sinebut pratiwa manggala, talang pati inggih satriya kembar pinilih taruna kang bagus warnane kembar busanane mengku pralampita dhumateng putra temanten tansaha kembar pakartine, kembar cipta, rasa lan karsane, menggah werdinipun satriya pralampita mugi Sri atmaja temanten sageta hanglenggahi jejeri satriya tama ingkang winengku tri prakawis:

- Ora golek seneng nanging kudu bisa gawe senenging liyan.
- Ora golek marem nanging kudu bisa gawe mareming liyan.

- Ora golek jeneng nanging kudu bisa njunjung asmaning liyan.
Inggih tiyang ingkang sampun saget nindakaken tri prakawis punika saget pikantuk
sesebatan satriya tama ingkang abudi luhur, punika pangajabing putra temanten.
Sinambung wuri tindakira satriya kembar lah punika ta warnanira ingkang winastan
patah sakembaran ingkang dumadi saking kenya alit - alit ingkang ayu - ayu warnane
edi peni busanane, asung pralampita dhumateng putra temanten pinangka:

Panuntun

Amrih temanten sekalian

Tansah bisoa

Asih, asah, asuh ingkang sarta

Hayu, hayom, hangayemi

Inggang lumaksana sawingkingipun patah sakembaran lah punika ta pinangka
punjering cinarita inggih sekaring pawiwahan, tindake putra temanten sekalian ingkang
kinanthi panjenenganipun Ibu _____ saha Ibu _____ anggenya
lumaksana tansah kekanthen asta bebasan renggang gula kumepyur pulut datan
genggang sarema, sapecak mangu satindak kendel ing sedya amung meminta
nugrahaning Gusti ingkang sarta nyuwun dhumateng para rawuh muging anggenya
netebi darmaning gesang ngancik ing alam madya ingkang linantaran hanambut sih
sutresna susila hakrami tansah pinaringan rahayu nir hing sambekala, ingkang
lumaksana salajur sisih jajar kalih sawingkingipun putra temanten nun inggih
pethanipun putri dhomas, menawi wonten ing Ngayogyakarta winastan pager hayu,
menawi wonten Surakarta winastan Dhomas, dho punika kalih, emas punika kawan
atus, jangkep wolung atus mengku pralampita dhumateng putra temanten bisoa
hanetebi hasta karya hasta brata karyaning bebrayan agung, wekdal punika putri
ingkang pindhha dhomas namung nenem ingkang ateges nemtokaken jumbuh ing raos
sejati kang tumanduk dhumateng putra temanten ingkang ginebeng nem prakawis
inggihpunika:

- Wahyaning raos hasmara nadha inggih sengseming pangucap.
- Wahyaning raos hasmara nala inggih sengseming manah.
- Wahyaning raos hasmara tura inggih sengseming sih.
- Wahyaning raos hasmara turida inggih sengseming kaprihatosan.
- Wahyaning raos hasmara tantra inggih sengseming turun.

Sawingkingipun putri kang pindhha dhomas, para kadang wredha ingkang sami sarimbit
kalihan garwa esthining manah among jurung puji hastuti puja hastawa muging putra
temanten anggenipun mangun bebrayan enggal tansah pinaringan karaharjan ing
janaloka prapteng loka baka. Inggang lumaksana sawingkingipun sri temanten
sekalian ingkang rama saha ibu pinangka jejerung pungkasaning lampah
ingkang ing ngarsa asung tuladha ing madya mangun karsa ing wuri handayani rumaos
bombong birawaning manah ingkang rama saha ibu ngawuningani putra temanten
sekalian ingkang ginarubyug para kadang wandawa saha sineksen sanggyaning para
rawuh, muging anggenya netebi wajibing gesang lantaran nambut sih sutresna susilaning
akrami tansah manggiha raharja mulya. Wus ndungkap unggyan ingkang tinuju sang
suba manggala gya sung sasmita dhateng putra temanten nulya manjing ing sasana
busana ngrucat busana kanarendran hangrasuk busana kasatriyan.

Para rawuh saha para lenggah makaten menggah anggen kula ngaturaken rumpaka wedharan kirabing putra temanten, pangalembana miwah panyaruwe kasumanggakaken dhumateng para rawuh saha para lenggah.

53. Tuladha Aturipun Panatacara Sasampunipun Kirab angka I

Panjenenganipun para rawuh saha para lenggah, makaten jengkaring putra temanten sekalihan ingkang winastan kirab kanarendran sampun paripurna, titi laksana salajengipun nun inggih minangka miyak swasana, keparenging sedya Bp _____ sekalihan (ingkang mengku gati) badhe atur panglipur malih arupi langgen beksan _____ (menawi wonten) ingkang katindakaken dening kadang _____ ingkang sarta kadang _____, mbok bilih sampun samekta ing gati kasumanggakaken dhumateng para - para ingkang piniji.

Menawi mboten wonten beksan:

Dhumateng para rawuh saha para lenggah kasuwun lelenggahan kanthi mirunggan saengga paripurnaning pawiwahan ingkalenggahan punika sinambi midhangetaken ungeling gangsa lokananta ingkang sampun cinandhi ing pita swara dening kadang kula panata pita swara, mugi kajumbuhna kalihan swasana nuwun.

Menawi karawitan:

Dipun isi gendhing - gendhing.

54. Tuladha Aturipun Panatacara Badhe Kirab angka II (Kasatriyan)

Para rawuh saha para lenggah wonten ganda sumerbak arum katiyubing samirana manda, sung sasmitaa bilih putra temanten anggenipun ngrasuk busana kasatriyan sampun paripurna keparenging sedya humarak sowan malih wonten ngarsa panjenengan sadaya, kladuking atur winastan kirab kasatriyan, hambok bilih sampun samekta ing gati sawega ing dhiri kasumanggakaken dhumateng para - para ingkang piniji, kirabing putra temanten binarung ungeling ketawang Suba Kastawa, sumangga nun nuwun.

Keterangan:

1. Urutaning lampah kados kirab angka I
2. Kirabing temanten saget dipun rumpaka panyandra utawi rumpaka wedharan kados kirab ingkang angka I
3. Saget dipun sarengi rerepen

55. Tuladha Rerepen Kangge Nyarengi Kirab Kasatriyan Sekar Sinom

1. Mijil kang pindha narendra
Den garubyuk para cethi
Mancorong ponang wadana
Pindha Komajaya Ratih
Rinengga - rengga peni
Gawok ngungun kang handulu
Sinung prabawa. maya
Hangadhang mulya sejati
Jroning driya asung pamuji Hyang Suksma

2. Pamujine mengku brata
Meminta sihing Hyang Widhi
Satindak lan tandukira
Mugyantuk berkahing Gusti
Uga muna lan muni
Tinebihna salah dudu
Tinuntun buditama
Pantes tinulad pra janmi
Pindha nata gya salin agem satriya

3. Hageman satriya tama
Pindhane sang gunungsari
Iku kang temanten priya
Kang putri lir ragil kuning
Prasetya trus nyawiji
Mrih lestari runtut - atut
Ngesthi mengkoni putra
Tall tresna jaman mangkin
Dwi kang putra wus cukup rengganing karma

4. Tindake sang sinatriya
Kairing puji hastuti
Wiraga mengku prabawa
Mrabawani kang mriksani
Hamemayu sesami
Mahambeg satriya tuhu
Yeku trah Pancasila
Ngudi mulya lahir batin
Tansah eling waspada bakti mring praja.

5. Widada manggih yuwana
Sari kang pindha narpati
Rineksa pra wredha mudha
Sumunar lir dewa - dewi
Kongsi kaki lan nini
Paminta kapranan kalbu
Amrih bisa sembada
Ing akhir manggih swarga di
Wiji mulya kinarya ngrengga nagara.

Panjenenganipun para rawuh saha para lenggah, sampun handungkap prapteng
unggyan ingkang tinuju, sang subamanggala gya sung sasmita mring sri temanten
nulya kalenggahaken wonten sasana adi, sang suba manggala sumawana para kadang
wandawa bingar jroning wardaya karena wus bangkit hangentasi karya nulya wangsul
mring papanira sowang – sowing nedya lerem salira kanthi suka pari suka sumangga,
nun nuwun.

56. Tuladha Aturipun Panatacara Sasampunipun Kirab angka II

Nun inggih para rawuh saha para lenggah, paripurna kirabing putra temanten sekalihan winastan kirab kasatriyan, ingkang punika atur uninga bilih pawiwahan prasaja ing ri kalenggahan punika dereng paripurna, mugni nyebar ron kawis nyuwun sabar ingkang sawetawis.

Jumbuh kalihan wewangsoning para winasis ingkang sampun cinandhi hing akasa jinempana ing maruta, bilih penggalih sabar punika tansah sinuyudan dening putra wayah, paripurnaning pahargyan ing mangke hambok bilih putra temanten sampun jengkar saking sasana wiwaha tama marak wonten sangajenging wiwara ngajeng pratandha cetha bilih pahargyan punika sampun paripurna, ingkang punika mugni wontena suka lilaning penggalih lelenggahan kanthi mirunggan sinambi mirsani atur panglipur saking panjenenganipun Bp _____ (ingkang mengku gati) arupi langgen beksan _____) ingkang katindakaken dening kadang _____ (menawi wonten).

Menawi karawitan:

Dipun isi gendhing - gendhing ingkang jumbuh kalihan swasana.

Menawi Tip/Cassette/CD:

Kadostuladha ing ngajeng

57. Tuladha Aturipun Panatacara Badhe Paripurnaning Gati

Nun inggih para rawuh saha para lenggah, kados sampun ndungkap paripurna lampahing tata upacara pawiwahan prasaja ing ri kalenggahan punika, ingkang punika jumbuh kahan urut reRoncening tata upacara ingkang sampun rinakit, purwa, madya, wasana sampun kalampahan kanthi wilujeng nir ing sambekala, awit saking punika tebih saking raos panundhung saking panjenenganipun Bp _____ (ingkang mengku gati) anggenipun nampi keraWuhan panjenengan kiranging tanggap, tangguh, gupuh miwah suguh mugni diagung pangaksama panjenengan sadaya, jengkaring putra temanten saking sasana wisudha tama minangka paripurnaning pawiwahan, ingkang kepareng hanganthi jengkaripun nun inggih panjenenganipun Bp _____ sekalihan, jengkaring putra temanten binarung ungeling gangsa ladrang gleyong laras pelog pathet nem sumangga, nun nuwun.

Hamung semanten panjenenganipun para rawuh saha para lenggah pahargyan prasaja ing ri kalenggahan punika, mila awit saking punika kula minangka jejer ing pambiwara tartamtu kathah kekiranganipun saha kekilapan labed budi dayaning manungsa kirang sampurna ingkang sarta kirang pana anggen kula nampi wewarah mawantu - wantu ngaturaken tebah siti sekul binuntel roning kalapa, apuranta mbok bilih wonten lepat kula.

Akhirul kalam wabillahi taufiq wal hidayah, Wassalamu 'alaikum Wr. Wb.

Keterangan:

Tuladha lampahing upacara pawiwahan punika saged dipun wuwuhi utawi dipun kirangi punapa dene dipun ewahi manut miturut kabetahan tuwin kawontenan (swasana).

Sumber:w3.kidemang.com